ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№128 (24.098) ● 2020 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 24, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Гъуэгу километри 8,5-рэ зэрагъэпэщыжынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэ гъуэгухэм ящыщу Іыхьищ зэрагъэпэщыжынущ республикэм и гъуэгу фондым щыщу къыдагъэхуа мылъкумкІэ.

ПСОРИ зэхэту гъуэгу километри 8,5-рэ зэрагъэпэщыжынущ «ФІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгу шынагъуэнщэхэр» лъэпкъ проектым хыхьэу. Лжэныгъэхэр щэкІуэгъуэм и кІэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну я мурадщ.

Асфальтрэ бетону зэхэлъ гъуэгу щхьэфэ жьы хъуахэр щадыжынущ, щызэрагъэпэщыжынущ Щхьэлыкъуэ - Каменкэ, Налшык - Нарткъалэ, Кэнжэ - Каменкэ автомобиль гъуэгухэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

Жьыхулъатэм ису я нэгу зрагъэужьынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыгъэпсэхуПІэхэр хагъэхьащ туристхэм уэгум зыщегъэпльхьыныным хуэгъэпсауэ зэхалъхьа программэм.

БГЫМ лыжэкІэ къежэхыным хуэщІауэ Сочэ щыІэ зыгъэпсэхуПІэхэм ящыщ зым къыщыІэзрагъэпэщащ «Жьыхулъатэхэм я центр». Апхуэдэ гукъыдэж зиІэ туристхэм дяпэкІэ Іэмал яІэнущ Белл-407 жьыхулъатэм ису Краснодар щІыналъэм зыщагъэплъыхьыну.

Программэм хохьэ Сочэ лъэпкъ паркым щхьэщыту цІыхухэм я нэгу зегъэужьыныр, апхуэдэуи а зыгъэпсэхуПІэм икІыу Краснодар щІыналъэм и нэгъуэщІ щІыпІэхэми, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймри лъэтэну.

Иджыпстукіэ зыгъэпсэхуПІэм иІэр зы тельэтыкІыПІэщ, ауэ я мурадщ апхуэдэ зыбжанэ иджыри къызэІуахыну, а зыгъэпсэхукІэ іэужьыгъуэщІэм зрагъэубгъуну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

ЩІыналъэхэр зэпещІэ

Егъэджэныгъэмкіэ, щэнхабзэмкіэ, Іуэху зэдзэщІэныМкІэ урысей зэгухьэныгъэм (Истамбыл къалэм) щекІуэкІащ «Урысейм хыхьэ Кавказыр зыдогъэцІыху» ещанэ дунейпсо щІалэгъуалэ зэхьыхьэм и презентацэр. 2020 гъэм «Урысейм хыхьэ Кавказыр зыдогъэцІыху» проектым текІуэныгъэ къыщихьащ ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэкмкіэ федеральнэ агентствэм къыззэригъэпэщ урысейпсо зэхьэзэхуэм.

ПРОЕКТЫР къызэрагъэпэщащ Къэрал Думэм СНГ-м и Іуэхуэкмрэ ди лъэпкъэгъуэхэм я зэпыщІэныгъэхэмкІэ и эксперт-чэнджэщакІуэ советым хэт Къаскъул Аслъэнрэ МГИМО-м политикэ теориемкІэ и кафедрэм и доцент Ваславская Янэрэ я жэрдэмкІэ. Арарагъэкіуэкі УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолий и дэІэпкъынугъэкІэ.

УФ-м нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Лавров Сергей Быф Анатолий къыхуитха тхыгъэм итщ: «Мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэр зэрыщхьэпэм сэри щхькІэт сытеХуэфынущ, псом хуэмыдэу Кавказ лъэпкъхэм щыщ куэд Тыркум зэрыщыхэхэсыр къэплъытэтэмэ. Адэкіи дыхьэзырщ апхуэдэ жэрдэмхэр вдэтІыгъыну».

Быфым къыхигъэщащ: «Проектым къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щеджэ студент куэдым Іэмал ярет Кавказ Ищхьэрэм къэкІуэну, ди щІыналъэ хъугъуэфІыгъуэхэм зыщагъэгъуэзэну, ди лъэпкъ щэнхабзэхэр зрагъэщІыхуну, апхуэдэуи еджапІэ нэхъыщхьэхэр я зэфІэкІхэмкІэ зэдзэгуэшэну. ЩІалэгъуалэм езым я нэкІэ иІэгъуэ нэужь, Кавказыр нобэ зыхуэдэ хъуам теухуауэ я Іуэху еплъыкІэ иІэж мэхъу».

Видеоконференц мардэм тету екІуэкІа форумым хэтащ КъБКъУ-м и Социально-гуманитар институтымрэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ университетымрэ щІэсхэр. Іуэхум хэтахэр тепсэлъыхьащ Урысеймрэ Тыркумрэ зэрызэдэлажьэм ипкъ иткІэ къыхалъхьэ дунейпсо щІалэгъуалэ проектэр къызэрызэрагъэпэщыпхъэмрэ зэрыраГъэкІуэкІымрэ теухуа щхьэхуэныгъэхэм. Псори зэдзэрэзы хъуащ Тырку Республикэм и елджапІэ нэхъыщхьэхэм я студенти 10 «Урысейм хыхьэ Кавказыр зыдогъэцІыху» ещанэ щІалэгъуалэ форумым хэтыну къызэрагъэпэлъэгъуэм теухуауэ. Ар Налшык къалэм дыгъэгъаззм и пэм щекІуэкІынущ. Форумым и презентацэхэр зэман гъунэгъум щрагъэкІуэкІыну я мурадщ Сеул, Токио къалэхэми.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым гъавапхъэ нартыхур щыІуахыж

Республикэм и мэкъумэш Іуэхущ Іапі эхэм къыщрахьэлІэж гъавапхъэ нартыхур.

ЩІЫНАЛЪЭМ Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрствэм къыззритамкІэ, «губгъуэхэм я пащтыхьІэ» зэджэ нартыху бэв мы гъэм къаухъуащ. А къэкІыгъэр хэзыса хозяйствэхэм зэкІэ зэщІакъуэжыну зыхунэсам къытекІащ тонн мин 550-м щІигъу. Ар илъэс кІуам и иджы хуэдэ пІэхъэнэм елъытауэ проценти 115-рэ мэхъу.

Ику иту къапщтэмэ, зы гектарым центрнер 63-рэ къытокІ. 2019 гъэм еплъытмэ, ар процентибгъуэкІэ нэхъыбэщ. Псори зэхэту республикэм и мэкъумэш Іуэхущ Іапі эхэм нартыхур гектар мин 88-м нэблагъэм щыІуахыжащ.

Зи нарт гъавэр нэхъ бэв хъуахэм ящыщщ Тэрч, Бахъсэн щІыналъэхэм я мэкъумэшыщІэхэр. Абыхэм, зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу, гектар къэс центнер 80, 75-рэ къытрах.

Тэрч щІыналъэм дызэрыт илъэсым нартыхур щытращІат гектар мин 29-м, абы щыщу мин 23-м щІигъум щызэщІакъуэжащ ар. Бахъсэн щІыналъэм абы щрагъэубыдат гектар мин 24-ри, абы щыщу мин 18-р къаунощІыжащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ,
КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ.

● ТхылъыщІэхэр

Адыгэ бзэщІэныгъэм и лъагапІэщІэ

Бзэр егъэдахэ гупсысэр къызэрыпІуатэ щыкІэм - псалъэжьхэр хэуухуэна, псэлъафэхэр хэлъхьа, зы жьІэгъуэм и къэІуэтэкІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэблэгъэкІауэ псалъэм хэгъэззэгъа зэрыхъум. Зи бзэр дахэм, зи псэлъэкІэр къабзэм адыгэм пщІэ хуищІу, утыкум ириту, лІыкІуэу иІуэхуу щытащ. Зи бзэр лантІэм, шэщІауэ псалъэм жылэ Іуэхуэхэр и пщэ далъхьэу, хеящІэу хахыу, щыхьэту ягъэуву къекІуэкІащ. Я фІэщ хъурт адыгэбзэ укъуэдиякІэ псалъэм укъимыгъэпщІэну, и псалъэ тебгъуэтэжыну, и жьІэр зэщІа хъуну. ПсэлъэкІэм хуащІ гулъытэм къыхэкІагъэнущ ар зыІэт, зыгъэлъагэ Іэмалхэр бзэм уэру щІыхэтыр, хуей хъумэ, цІыхум и гупсысэр щІэщыгъуэ ирищІыну, зэІубзу къриІуэтэну, нахуэу иришэщІыну хэкІыпІэ зэмыщхьэр къриту. Адыгэбзэр къулей зыщІ Іэмалхэм ящыщщ синонимхэри.

АДЫГЭ бзэщІэныгъэр лъагапІэщІэ зэрыдэкІам и щыхьэту, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым «Адыгэбзэ синонимхэм я псалъалъэ» зи фІэщыгъэ тхылъ фафІэшхуэр иджыблагъэ къыдигъэкІащ. Синонимхэм я псалъалъэм и гъэхьэзырыным текІуэда илъэс бжыгъэр пщІэншэ хъуакъым - и инагъкІи, и купщІэкІи, щапхъэу къыщыхьахэмкІи нэхъапэкІэ къыдэкІауэ щыта синоним псалъалъэхэм ар фІыуэ х.ащхьэщІокІ, дунейпсо бзэщІэныгъэм и мардэхэм тетщ, псалъалъэр зэхэгъэувэным теухуауэ щыІэ къэхутэныгъэхэм я пщалъэхэри къыщыльытащ.

Синонимхэм адыгэбзэм щыпІэшхуэ зэрыщаубыдыр уи фІэщ ирихьуну ирикъунщ псалъалъэм синонимэгъу зэхуэгъу гуп 3400-м щІигъу къыззрыщыгъэльэгуэр. НапэкІуэцІ 940-м нэблагъэ псалъалъэм ахэр зи мыхьэнэкІэ нэхъыбэ къызэщІэзыубыдэ икІи бзэм куэдрэ къыщыкІуэ псалъэ пажэрэ абы мыхьэнэкІэ гъунэгъуу екІуалІэ псалъэ благъэу къыщыхьащ. Псалъэ пажэм деж синонимэгъу зэхуэхъуа гупым зэщхьу, зэтехуэу, зэхуэдэу яІэ мыхьэнэр щыгъэнэхуащ. Синонимэгъу зэхуэхъуа псалъэхэм я мыхьэнэ щхьэхуэхэр, ахэр зэрызэщхьэщыкІ лъэныкъуэхэр нэрылъагъу зыщІ щапхъэхэри лъэпкъ Іуэрылуатэм, адыгэ тхакІуэхэм я тхыгъэхэм къыхэкащ.

Тхылъыр адыгэбзэ синонимхэм я псалъалъэ нэхъ ин дыдэу япэу дунейм къытехьэу аращ. НобэкІэ абы къызэщІубыдам хуэдиз синоним къэзыхь къэхутэныгъи лэжьыгъи, абазэ-адыгэбзэхэр къыщыгъэнауэ, кавказыбзэхэм ящыщу зиІэ щыІэхъым. Бзэм и лексикэр зэрыщыту къызэбгъэдэзэкІыну, тхыгъэу щыІэр щІупщытыкІыу синоним зэхуэхъу псалъэхэр абы къыхыумыхауэ, псалъалъэ пхуэзэгъэуэзэнукъым. ДызэрыщыгъаззмкІэ, апхуэдэ лэжьыгъэ зытращІыкІа кавказыбзэхэм яхэткъым. Ар къэплъытэмэ, адыгэбзэ синонимхэм я псалъалъэр зэхэзыгъэува щІэныгъэлэжь гупым Іуэхушхуэ зэфІахащ, адыгэбзэм и зыужьныныгъэм хуащІа хэлъхьэныгъэм къыщынэмыщІауи, ар си анэдэлъхубзэ лъэпкъми Іуэхутхьэбзэшхуэ хуалэжьащ. Мы псалъалъэм и пщІэр, шэч хэмылъу, кІуэтэху нэхъ лъагэ хъунущ, абы лъэужьышхуи къигъэнэнущ.

Псалъалъэр яхуэщхьэпэнущ адыгэбзэр зыджэхэми, ар езыгъэджэхэми, абы ирилажьэхэми, анэдэлъхубзэр фІыуэ зылъагъу дэтхэнэ зыми. Тхылъыр и бжыгъэкІэ мащІэ дыдэущ къызэрыдэкІар, ауэ арэзыІэрызыгъэхьэнухуейкэрщыщІэупщІэхъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым. Ар Налшык къалэ дэт, Пушкиным и уэрамым тет 18-нэ унэм хэт Іуэхущ Іапі эращ, зызыхуэзгъэзэнур адыгэбзэ къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ Шэрджэс Заретэщ, телефоныр: +79286919876.

ШУРДЫМ Динэ.

● Щыуэпс

Псы Іуфэхэр ягъэкъабзэ

Бахъсэн районым хыхьэ Куба къуажэм щагъэкъэбзащ а жылэм къедза Балъкъ и псыхъуэмрэ абдежым къыщыхэхуэж Къулъкъужьи псы цІыкІум и Іуфэхэмрэ. Мы Іуэхум цІыху 280-м щІигъу хэтащ. Ахэр волонтёрхэрщ, къуажэ администрацэм щылажьэхэрщ, а жылэм щыщхэрщ.

ЩІыхьэхуитІми, зэхэту, тонн 12,5-м нэблагъэ кІэрыхубжьэрыухэр щызэщІакъуащ. Куэншыбыр зэрыщыту «Экологистикэ» компанием ди щІыналъэм щиІэ и Іэщ Іагъэлэ Іхэм абы папщІэ ягъэхьэзыра полигонхэм ирагъэшащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Гу зылъытапхъэ

Іэ тедзэгъуэр йокІуэкІ

ПщІэ зыхуэтщІ щІэджьыкІакІуэхэ! 2020 гъэм фокІадэм и 1-м щІидзауэ йокІуэкІ 2021 гъэм и ящэ илъэс ныкъуэм щІыхухэм яІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр.

НЭХЪ фыдэзыхьэх, фІыуэ флъагъу къыдэкІыгъуэхэм Іэ щытевдзэ хъунущ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ къудамэхэм, почтамтхэм е podpiska.pochta.ru. сайтым.

Іэ зытевдза газетхэр, журналхэр и чэзум фи унэхэм ныфхуэтхьыну е пощт къудамэхэм (фэ фыщыхуейм деж) щывэттыжыну къалэн зыщыдощІыж.

КъыдэкІыгъуэхэм Іэ тедзэным теуха фи упщІэхэм жэуап кратыжынущ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ къудамэхэм я лэжьакІуэхэм.

Іэ тедзэным феужьэрэкІыну, а Іуэхур нужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

«Адыгэ псалъэр» зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 728-рэ кІэпІейкІэ 76-рэщ. Ди индексыр П 5894.

КЪБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и федеральнэ управленэ.

● Хъыбар гуапэ

Зеикъуэр йофІакІуэ

Бахъсэн щІыналъэм и администрацэм и унафэщІ Балъкъэ Артур зыщіпІъхьащ Зеикъуэ къуажэм лъэпкъ проектхэм хыхьэу щрагъэкІуэкІ ухуэныгъэ зыбжанэм.

МУНИЦИПАЛИТЕТЫМ и Іэтащхьэм щыгъаззэ зищІащ къуажэм и ипщэ, ищхьэрэ лъэныкъуэхэм «ЩІыуэпс» лъэпкъ проектым хыхьэу щащІ псы къыщІэшІыпІэщІэхэм лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІым. А ухуэныгъэхэр яухмэ, Зеикъуэм и мызакъуэу, ХьэтІохъущыкъуей къуажэм щыщ Іыхьэм щыпсэуэхэри псыкІэ къызэгъэпэщыныр иригъэфІэкІуэнущ.

Балъкъыз Артур апхуэдэуи щыІащ Щэнхабзэмкіэ унэм. Ар зэраухуэрэ иджы япэу зэрагъэпэщыжу аращ, зи фІыгъэри «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым зэрыхэгъэхьарщ.

А лэжьыгъэм еувэлІахэм унэ кІуэцІхэр къыщІыкІын яух, бжэ-щхьэгъубжэхэр зэрахъуэжІащ, инженер хуэІухуэщІэхэр къагъэщІэрэщІэжащ.

Абыхэм къадэкІуэу зыхуей хуагъазэ унэм къедза щІыпІэхэр. «ПсэупІэмрэ къалэ щІыуэпсымрэ» лъэпкъ проектым щыхъхаха мылъкукІэ лъэс лъагъуэ дахэхэр яукъуэдияжь, уэздыгъэ фІэдзапІэхэр, тетІысхьэпІэхэр, кІэрыхубжьэрыухэр зрадзэнухэр щагъэув, сабий джэгуПІэхэр щащІ.

ЩІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм а лэжьыгъэхэр ягъэува пІалъэхэм тету, фІагъ лъагэ иІэу зэфІагъэкІыну.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ.

«Урысейм и псыхэр» зыфІаща Іуэхугъуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щекІуэкІыр и зы Іыхьэщ «Экологие» лъэпкъ проектым и гуэдзэн «Псы телъыджэхэр хъумэн» федеральнэ проектым.

ЗИ ГУГЪУ тщІы Іуэхугъуэм хыхьэу, ди республикэм и псы Іуфэхэр гъэкъабзэныр Май, Бахъсэн щІыналъэхэм щрагъэжьащ.

Къэдгъэльагъуэмэ, Май районым и щІыпІэ администрацэм щыщхэмрэ ЩІалэгъуалэ жылагъуэ советым хэтхэмрэ зэгъусэу зэлъыІуахащ ШэрэдЖ псы екжэным и гъунэгу а къыпэм нэхъ къедзахэр. Абдежым абыхэм щызэщІакъуащ псыІум къыІуихьа кІэрыхубжьэрыухэхэмрэ псыхьэлъахуэу щызэхэхьэжа къудамэхэмрэ бжэгъужьхэмрэ. Май районым щекІуэкІа щІыхьэхум зэдыхэтахэм зэхуахьэса куэншыбыр лъэныкъэкІэ Іурагъэшащ.

ЩІыуэпс

Псы Іуфэхэр ягъэкъабзэ

Бахъсэн районым хыхьэ Куба къуажэм щагъэкъэбзащ а жылэм къедза Балъкъ и псыхъуэмрэ абдежым къыщыхэхуэж Къулъкъужьи псы цІыкІум и Іуфэхэмрэ. Мы Іуэхум цІыху 280-м щІигъу хэтащ. Ахэр волонтёрхэрщ, къуажэ администрацэм щылажьэхэрщ, а жылэм щыщхэрщ.

ЩІыхьэхуитІми, зэхэту, тонн 12,5-м нэблагъэ кІэрыхубжьэрыухэр щызэщІакъуащ. Куэншыбыр зэрыщыту «Экологистикэ» компанием ди щІыналъэм щиІэ и Іэщ Іагъэлэ Іхэм абы папщІэ ягъэхьэзыра полигонхэм ирагъэшащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Псоми ди зэхуэдэ ТекІуэныгъэр 75

ЗэрытщІэщи, 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэр ди къэралым и текІуэныгъэкІэ зэриухрэ мы гъэм илъэс 75-рэ ирикъащ. Зы махуэ-махуитІкІэ дгъэлапІэ мыхъуу, игъащІэ псокІэ ди гум илъыну зыхуэфащэ Іуэхугъуэщ ар, ди адэшхуэхэм я псэр щІатауэ. Аращ мы гъэр ТекІуэныгъэ Иным и илъэсу щІыщытри.

ДЭНЭКІИ щагъэлъэпІащ ар, къекІуэкІ узыфэ шынагъуэм и зэранкІэ хуэфащэ гулъытэм хуэдэ дыдэ имыгъуэтами. Сэ Іуэхукіэ иджыблагъэ сызыщІыхьа Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал Аграрнэ университетым и пІуащІэ пэшым щыслъэгъуащ мы тхыгъэ кІэщІым щыригъу сурэтыр. Сыкъэуві эри гупсэхуу сепльащ, сурэту фІэльым ит дэтхэнэ зы цІыхуми и нэгум сипльэу. Абыхэм зэрахьа лІыгъэрэ зи хэкур фІыуэ зылъагъу щІалэгъуалэм «ЛІыхъужьхэм я блын» фІащауэ къызэрагъэпэща проектырарэ сщІэркъым гушхуэнигъэ нэхъыбэ къыскэзыпІхьар.

«Кавказ Ищхьэрэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэс студентхэм я ассоциацэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщу УФ-м и Президентым и грантыр къэзыхьа проектщ ар. �щІэблэр хэкупсэу гъэсэным, и лыхъужьхэр егъэцІыхуным, ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм, кІанэ щымыІэу дэтхэнэми, ТекІуэныгъэ Иным хэлъхьэныгъэ зэрыхуащІам щыгъэгъэззным теухуауэ.

Ди Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и еджапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм лІыхъужьхэм я блын къыщыззІуахахэм я зы щапхъэу аращ мыр. Тхыдэр ящымыгъупщэу, къыщалъхуа щІыналъэр фІыуэ яльаГъуу, абы пщІэ хуащІу къэтэдж щІалэгъуалэм ди къэралыр псэупІэ узынщэ хуэхъуну тхьэм къыщигъэкІ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Адыгэш лъэрыхьхэр

Ди газетым зэрытетащи, Урысей Федерацэм шы спортымкIэ и зи чэзу чемпионат жэпуэгъуэм и 18-м ди республикэм щеКIуэкIащ.

НАРТАН къуажэм и Iэгъуэблагъэм къыщIэзэрагъэпэща зэхьэзэхуэр, «Гуэрэн» зи фIэщыгъэ фермэм и Iэшэпльашэм щызэхашар, Iыхьитlу гуэшати, зыр урысейпсо, адрейр къэрал зэхуаку мыхьэнэ зиIэт.

Километри 160-кIэ хэша лъагъуэ нэхъ иным зезыпщыта шууиблым ящыщу ар къызэзыпэжкIыфаршы щы къудейщ. Абыхэм я деж пашэ щыхъуар а Iуэхум зэман нэхъ мащIэ дыдэ тезыгъэкIуэда КъалэР Мухьэмэдрэ ар зытеха Инарэ шыбзымрэщ. Гъэгуанэр а тIум къызэранэкIащ сыхьэти 10:34:20-м хэриубыдэу, зы сыхьэтым и кIуэцIкIэ, ику иту, километр 15,13-р «ягъэкIуэщIу».

А махуэм екIуэкIащ CEI 3* къэрал зэхуаку мыхьэнэ зиIэ зачётыр зытхэм я зэпеуэри. Зэрыгурыуэгъуэщи, КъалэР Мухьэмэдр а лъэныкъуэмкIи япэ увыпIэр къыщихьащ.

CEI 2* нагъыщэмкIэ хагъэунэхукIа гъэзэгуанэу километри 120-рэ зи кIыхьагъыр къызэзыпэнэкIахэм я деж пашэ щыхъуар Юпитер зи цIэ адыгэш хакIуэм шэса Черкасовэ Полинэщ. Лъэпкъыш алащэу Шагъдий зи фIэщыгъэм теса Егъэн Идар а лъагъуэм пэлъэщахэм я епланэмэ, КМС нормативыр абыи игъэзэщIащ. Пашэ зи цIэ адыгэш алащэм шэса Зыхъуэ Замир а гъэзэгуанэр къызэзыпэнэкIаэм я еханэщ.

CEI 1* зи нагъыщэ лъагъуэу километри 100-кIэ хашам зезыпщытахэм я деж япэ увыпIэ къыщихьащ Турбо алащэм теса Махуэ Ахьмэд. Аргун зи фIэщыгъэ адыгэш хакIуэм шэса Уэршыкъуэ Albэч зэпеуэм щыеIтIуанэщ.

Километр 80 зи кIыхьагъ CEN 1* зи нагъыщэ гъэзэгуанэм япэ увыпIищыр къыщихьащ (зэрызэкIэтыкIуэм хуэдэу) Бэч, Азарт, Данар адыгэшхэм теса Гъыщынэ Къантемыр, Уэршыкъуэ Заурбэч, Шыкхъэ Алим сымэ.

Апхуэдэу, мы махуэм екIуэкIащ CEN зи нагъыщэ лъагъуэу километр 40 зи жыжьагъыми къыщызэрагъэпэща зэпеуэхэр. Абы хэта шууейхэм я бжыгъэр 30-м нэблагъэрт.

Зэхьэзэхуэм кърихьэлIэхэм ядедгъэкIуэкIа псалъэмакъым ятедухуа тхыгъэ ди газетым и къыдэкIыгъэхэм ящыщ зым тетынущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Фыщlэ

Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI гуп

Коронавирус узыфэ зэрыщIалэр зыхуэдэмрэ абы еIэзэ дохутырхэм я зэфIэкIымрэ иджыблагъэ згъэунэхуну къыслуихуащ. Си нэгу щIэкIащ дохутырхэм я къару псори ирахьэлIэу уэ шыногъуэм зэрыпэщIэтыр. Сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ Уэрфэ зэрыщIалэхэм еIэзэнымкIэ къалэ сымаджэщым (Госпиталь №1) и лэжьакIуэхэм, Iэзагъышхуэ къагъэлъагъуэу, гуапэу сымаджэхэм яхущыту я къалэн мытынщэр зэрыпэхэкIым папщIэ.

МЕДИЦИНЭ лэжьакIуэхэм я нэгу уиплъэну, ахэр зыгуэркIэ зыщхьэщыбгъэкIыну Iэмал къуитыркъым ахэр я щхьэм щыщIэдзауэ я лъакъуэм нэс щIэзыхьмэу ящыгъ ямынэ узым зэрыпэщIэт «фащэм». Апхуэдэ щытми, а фэилъхьэгъуэ шынагъуэм хуэгъэпщкIуакъым абыхэм я цIыхугъэр, гумащIагъэр, сымаджэхэм я дэтхэнэ гукъеуэми хуащI гулъытэр.

Жэпуэгъуэм и 8-м сымаджэщым сыщIэхуати, а зэманым къриубыдэу сэ къызэIэзащ зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI дохутырхэу ТIэш Джульетта, Къамбий Людмилэ, Сындыку Лианэ, Биногеровэ Маринэ, Нот Тамарэ сымэ. Жэуапльныгъэшхэр яхэльу, я гуащIэ щымысхьу, зэрахуэфэкIыкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхъунум хущIэкъуу, псалъэ гуапэкIэ сымаджэм гукъыдэж иратыжыфу апхуэдэщ а бзылъхугъэхэр.

СыхьэтийкIэ лажьэ медсестрахэми къалэныншхуэ я пщэ дэлът. Хьэфэ вакъэ хьэлъэмрэ хуиту уэлымыгъэIэбэ я щыгъынымрэ я лэжьакIуэр куэдкIэ нэхъ гугъу къащицIырт. ЕтIысхьагъуэ ямыIэу зы пэшым къыщIэкIым адрейм щIыхьэу сымаджэхэм зыхуэныкъуэ хущхъуэхэр ирахьэлIэрт, Iуэхум зэрыхуэIэкIуэкIуэм и щIыхьэту лъынтхэу къэгъуэтIагъуэй дыдэхэри псынщIэу къахутэрти, Iэпэ щабэу мастэр халъхьэрт. Сымаджэм и гукъеуэми едалъэрти, гуапэу жэуапи иратыжырт. Апхуэдэу я цIэ къисIуэну сыхуейт медсестрахэу ФIыцIэ Антисэ, КIуэкIуэ Мадинэ, Самурхановэ ФатIимэ, КъанкIыл Иннэ, Тыгъуэн Ася, Молэ ФатIимэ, Къумыкъу Марьянэ, Сындыку Иринэ, Атэбий Iэминэ, Жегеровэ Жаннэ сымэ.

Къудамэм и унафэщIри, дохутырхэри, медсестрахэри, санитаркэхэри гулъытэ зиIэ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ цIыху гъэсахэщ. Апхуэдэу къыхэзгъэщIну сыхуейт къабзагъэм мыхьэнэщхуэ зэрыратыр, псори екIуу зэлъыIухауэ зэрыщытыр. ЖыпIэнурамэ, сэ сызэдэщIа етIуанэ хьэльэ и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу лэжьыгъэр къыщызэгъэпэщащ. Сымаджэхэм дежкIэ насыпышхуэщ Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, гудзакъэ зиIэ цIыхухэм апхуэдэ Iэнатlэхэм щрихьэлIэныр.

Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм сохъуэхъу езыхэри я унагъуэри узыншэну, Iуэху щхьэпэ зэфIагъэкIым фIы къахудэкIуэну!

ПщIэ къыйфхуэзыщI
ЖЫЛАСЭ Масирэт.

«Ди хъуэпсапIэхэр къызэпывмыуд!»

Апхуэдэ къыхуедэжныгъэм щIэт Iуэху иджыблагъэ ирагъэкIуэкIащ Аруан щIыналъэм и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм.

ЛЪЭСЫРЫЗЕКIУЭХЭР автомобилхэм щрауд иужьрей зэманым щIэх-щIэхьурэ къызэрыхъум игъэIейтейри, къызэрагъэпэщауэ аращ абыхэм а Iуэхур. Гъэгуэм шынагъуэнщагъэр къыщызэгъэпэщыным зи лэжьыгъэр теухуа хабзэхъумэхэмрэ Аруан къуажэм дэт курыт школым и еджакIуэ цIыкIухэмрэ «Кавказ» автомобиль гъэугуэм и Iунэм деж щрагъэкIащ «Ди хъуэпсапIэхэр къызэпывмыуд!» зыфIаща акцэр.

Машинэ зэблэжэр зэран къахуэмыхъун хуэдэу гъэгу Iуфэм еуэвэкIри, сурэт цIыкIуэр яIыгъыу флешмоб ящIащ. Абыхэм дэсхэм ягу къагъэкIыжащ бэлэрыгъэр гъэгу хабзэхэр къызэпаудмэ, зыгуэркIэ теплъэкъуэкIмэ, пхуымыгъэзэкIуэжьын гуэвэгъуэ къэхъункIэ зэрышынагъуэр, пщэсырызекIуэ ныбжьыщIэхэм пщIэ яхуэщIын зэрыхуейр.

«Дэ балигъыпIэм дынэсмэ, морожнэ тIщэнущ, Президент дыхъунущ, артист, сурэтыщI, щIэныгъэ лэжьакIуэ, адэ-анэ гумащIэ къытхэкIынущ - фэ фыкъэувыIэ къудейми! Ди хъуэпсапIэхэр тIощIэмвых! Ди гъащIэхэр къытхуэфхьымэ!» - зыжьэу жаIащ сабийхэм, рулым дэсхэм зыхуагъазэурэ.

Къэувыlа машинэхэм дэсхэр полицейхэмрэ сабийхэмрэ къыхураджащ лъэс зэпрыкIыпIэхэм щынэблагъэм деж, автомобиль гулъэфхэм теувэу, я хуабжьагъым кIэрагъэхуну, цIыхухэр благъэкIыну. НыбжьыщIэхэм машинэхэм дэсхэм хуагуэшащ хабзэм тетын зрыхуейр ягу къэзыгъэкIыжыну тхыгъэхэр зытет напэкIэуцI цIыкIухэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

ЧЫМ Евгение Музэчыр и пхъур

Куэдрэ хьэлъэу сымэджа нэужь, илъэс 87-м иту 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м дунейм ехыжащ Чым Евгение Музэчыр и пхъур.

Евгение Музэчыр и пхъум и лэжьыгъэ гъэзэгуанэм 1979 гъэм Iуэхугъуэшхэ къыщыхьуащ - ар КъБАССР-м и Министрхэм я Совет тым и УнафэщIым и Iуэхущ1ауэ ягъэуващ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубзхэм апхуэдэ дзыхь зрагъэза зэрахэтым мыхьэнэшхуэ иIэт.

Чым Евгение Аруан щIыналъэм хьихэ Псыкуэд къуажэм къыщыдалъхуащ. И адэ-анэм ящIыгъуу НаллышкъэIэпхъуэри, абы курыт аджапIэ къыщиухащ Чымым. Зауэ нэужь лъэхъэнэт ари, республикэр хуэныкъуэт щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ лэжьакIуэхэм. Къэралым и Правительствэм республикэм и щIалэгъуалэм Iэмал къыритырт еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфIыдыдэм щIэныгъэ щызэрагъэгъуэтыну. Чымым къыхихащ, ерыскъыпхъэ промышленностым щылажьэну Iэщ1агъэлIэхэр щагъэхьэзыр Москва къэрал технологие институтыр икIи абы инженер-технолог Iэщ1агъэр щызэрагъэтащ.

Евгение Музэчыр и пхъум институтыр къиуха нэужь къэзыщIыдзащ Наллышк дэт щIакхъуэ комбинатым, ерыскъыпхъэхэмкIэ абы и лабораторэм и унафэщIу. ИужькIэ ар ягъэуващ Iуэхущ1апIэм и инженер нэхъыщхьэу. Абы щыгъуэщ ар КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату япэу щыхахар. КъызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зэрыщытыр къалъытари, ар ягъэуващ республикэм ерыскъыпхъэ промышленностымкIэ и министрым и къуэдзэу. 1966 гъэм Чым Е. унафэщIу ягъэкIуащ республикэм и ерыскъыпхъэ промышленностымкIэ и Iуэхущ1апIэ нэхъ пажэхэм ящыщ зым - Iэфыкlэхэр щащIу Наллышк дэт фабрикэм. 1970 гъэм ар хахащ партым и Наллышк къалэ комитетым и етIуанэ секретару.

1979 гъэм къыщыщIэдзауэ Чым Е. Правительствэм хэтащ, абы и Унафэщым и къуэдзэу лэжьащ. ЦIыхубз жыдэхэрым и зэфIэкIкъыхьэхэр абдежым къыщызыкъуихащ, абы жыдэжэру зэфIихырт экономикэ, социальнэ Iэнатlэхэм къыщыкъуэкI гугъуехьхэр, лъэпощхьэпохэм къапикIуэтыртэкъым. 1991 гъэм зигъэпсэхуну тIысыжащ. ЗыIэригъэхьа ехьулIэныгъэхэм папщIэ ар къэрал дамыгъэхэмкIэ ягъэлъапIащ - Лэжьыгъэм и Бэракъ Пльыжь, «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденхэр къыхуагъэфащащ. КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зэхуэсыгъуэ зыбжанэм я депутату щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым хэщIыныгъэшхуэ игъэтащ. Евгение Музэчыр и пхъум и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ дахуогъажьэ. Абы и фэеплъ нэхур дигу ихункъым.

Ныбжьэгъу гуп.

ТУМЭ Мухьэмэдин Мухьэжид и къуэр

Нэщхъеягъуэ хъыбар кIыкIащ Москва иджыблагъэ. Илъэс 83-м иту дунейм ехыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, къызэрэзэпэщакIуэ Iэзэ Тумэ Мухьэмэдин Мухьэжид и къуэр.

Тумэ М. М. Шэджэм щIыналъэм хьихэ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм 1938 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр кIыуэ нэужь ар щIэтIысхьащ мэкъумэш Iэнатlэм и инженерхэр щагъэхьэзыру Москва къалэм дэт институтым икIи ар екъулIэныгъэфIхэр иIэу 1965 гъэм кIыуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым кIыгъэззэжа нэужь, «Шэджэм» колхозым и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытащ, а Iуэхущ1апIэм и инженер нэхъыщхьэу щытащ.

Тумэ М. М. хэлъэт зэрилэр, лжьыгъэ и пIалъэ зэрищIэр къалъытэри, абы унафэщI къулыкъу къыхуагъэфэщащ - ар ягъэуващ Шэджэм щIыналъэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и управлением и инженер нэхъыщхьэу.

1977 гъэм къыщыщIэдзауэ 1994 гъэ пщIондэ Тумэ М. М. «Шэджэм» колхозым и унафэщIу лэжьащ. Абдежщ нэхъри наIуэ къыщыхьуар ар мэкъумэш Iэнатlэм и къызэрэзэпэщакIуэ лъэрызехьэу зэрыщытыр. Тумэр зи унафэщI «Шэджэм» колхозыр ящыщ Iуащ Шэджэм щIыналъэмы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмы щыпашэ мэкъумэш Iуэхущ1апIэхэм. Абы Iуныджьышхуэ щиIэ хъуащ колхозым и лэжьакIуэхэми яхуэхъуэр.

Мухьэмэдин Мухьэжид и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу утыку мызэ-мытIэу ихьащ икIи щыхъ къыхуилэжьащ, ныбжьэгъу пэжу щытащ, къалэн зыщищIыжжэгъ, ита псалъэр игъэпэжу къэгъуэгурыкIуащ. Ар цIыху гумащIэт, зэхэщIыкI зиIэт, и Iыхьлыхэм, благъэхэм, ныбжьэгъуэхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъурт.

Мухьэмэдин Мухьэжид и къуэм, къызэхэщIа лъэныкъуэм и кIуэ пэжым и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи дигу иIынщ.

КЪАЛМЫКЪ Ж. А., *КъБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Зэзыгъэуiу советым и унафэщI.*

***ГУЭБЭЩIЫКI Ж. М.**, «КъБР-м мамырыгъэрэлъэпкъ зэгурыIуэныгъэрэ щыIэн папщIэ» жылагъуэ комитетым и унафэщI.*

КъБР-м Коронавирусым кIэлъыплъынымкIэ и оперативнэ штабым къет

2020 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м ирихьэлIэу

Узыр япкърытрэ япкърымытрэ къахутэну тест зрагъэтахэм я бжыгъэр - 226.075-рэ

Сымаджэ хъуауэ ятхахэр - 9.386-рэ

Иужьрей жэщ-махуэм къриубыдэу къахутахэр - 93-рэ

Сымаджэщхэм щIэлъэхэр - 1.480-рэ

Реанимацэм щIэлъэхэр - 79-рэ

Хьужьахэр - 7.142-рэ

Вирусым и зэрранкIэ дунейм ехыжахэр - 127-рэ

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 24, *щIэбэт*

♦Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгуэхьныгъэм и махуэщ. 1945 гъэм ООН-м и Уставым къару игъэтащ. Зэгуэхьныгъэр къэрал 51-м къызэрагъэпэщат. Ди зэманым абы къэрали 192-рэ хэтщ.

♦Зыужьныгъэм теухуа хъыбархэр зэбгрегъэхьныным и дунейпсо махуэщ

♦Полиомиелитым пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм Iэщ1кIэ Зэщ1эуэзда и Къарухэм я гуп щхьэхуэм (спецназым) и махуэщ. 1950 гъэм СССР-м и дзэ министр, Совет Союзым и Маршал Василевский Александр Iэ щIидзащ 1951 гъэм и накъыгъэм и 1-м ирихьэлIэу ротэ 46-рэ, дэтхэнэми цIыхуи 120-рэ хэту, къызэгъэпэщныным теухуауэ. Къалэн хэхахэр зыгъэзэщIэну гуп щхьэхуэт ар.

♦1897 гъэм Урысейм и тхыдэм щыяпэу футболымкIэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ.

♦1935 гъэм Москва Кремлым и Спасскэ чэщанэм и щхьэм, щхьит1 зыфIэт бгъэт къытрахри, къуапитху зиIэ вагъэр трагъэуващ.

♦1941 гъэм Харьков къалэр - СССР-м и индустриальнэ центр нэхъ иницым ящыщыр - нэмыцэдзэхэм яубыдащ.

♦1949 гъэм Нью-Йорк щагъэтIылъащ ООН-м и Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэхэм я гуэм и лъабжьэр.

♦1986 гъэм Инджылызым и къалащхьэ Лондон къыщызэIуахащ грампластинкэхэр щащэну, дунейм щынэхъ ин дыдэ тыкуэныр.

♦Мэжэрым (Венгрием) щыщ композитор, зи Iэдакъэщ1кIэ Iэр дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа **Кальман Имре** къызэралъхурэ илъэси 138-рэ ирокъу.

♦Къэбэрдей-Балъкъэрым 1921-1938 гъэхэм и унафэщIу щыта, къэрал лэжьакIуэ, политик **Къалмыкъ Бетlал** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакIуэ **Хьэткъуэ Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, СССР-м и цIыхубз артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Райкин Аркадий** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Урысей хъэрычэтыщIэ, къэрал лэжьакIуэ, Чукоткэ АО-м, абы и думэм я унафэщIу щыта **Абрамович Роман** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Инджылызым щыщ футболист цIэрыIуэ, къэралым и командэ къыхэхам и гуащьхьауэ нэхъыфIхэм хабжэ **Руни Уейн** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Наллышк пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 25, *тхьэмахуэ*

♦ЦIыхубзхэр мамырыгъэм щIэбэныным и дунейпсо махуэщ

♦Автомобилистым и дунейсо махуэщ

♦ЩIыкъу анэм и дунейпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэм и таможенныкIым и махуэщ. 1653 гъэм, Романов Алексей Михаил и къуэм и пащтыхыгъуэм, Урысейм таможеннэ Iэнатlэ къыщызэрагъэпэщащ, абы и устави къащтащ. 1991 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м РСФСР и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ Къэрал таможеннэ комитет къызэрэгъэпэщыным теухуа унафэм.

♦Белоруссием и щхьэлтехэм я махуэщ

♦Питкэм и Конституцэм и махуэщ

♦1936 гъэм Мейкъуапэ къыщызэIуахащ Адыгэ АО-м и Урыс драмэ театрыр. Иджыпсту ар Адыгэ Республикэм Пушкин А. С. и цIэр зезыхьэ и Урыс къэрал драмэ театрыщ.

♦1941 гъэм къызэрагъэпэщащ зыхъумэжьныгъэмкIэ Наллышк комитетыр.

♦1944 гъэм Днепропетровск, Днепродзержинск къалэхэр нэмыцэдзэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦1955 гъэм «Таррал Сотрапу» америкэ фирмэм микроволновэ зыхьу къызэрыщIигъэкIар хэIущIыIу ищIащ.

♦1976 гъэм Лондон къыщызэIуахащ Пащтыхыгъуэм и Лъэпкъ Театрыр.

♦1977 гъэм «СССР-м и цIыхубз дохутыр» цIэ лъапIэр ягъэуващ.

♦1990 гъэм Къэзахъстаным и къэрал суверенитетым теухуа декларацэр къащтащ. Абы къыщыгъэлъэгъуащ зи бжыгъэкIэ адрей лъэпкъхэм куэдкIэ ебэкI къэзахъ лъэпкъым я къэралым бжьыпэр сыт и лъэныкъуэкIи щиIыгъын зэрыхуейр.

♦1990 гъэм япэу ягъэлъэгъуащ иджыпсту цIэрыIуэ дыдэ хъуа «Поле чудес» теленэтыным. Ар ирагъэкIуэкIат и къызэрэзэпэщакIуэ Листьев Владислав.

♦1990 гъэм СССР-м къыщащтащ зыхуей диныр къыхихыну цIыхур хуит зыщI законыр.

♦1990 гъэм Къэзахъстаным и къэрал суверенитетым теухуа декларацэр къащтащ.

♦2001 гъэм УФ-м и Президент Путин Владимир Iэ щIидзащ УФ-м щIым теухуа и кодексым.

♦Урысей пащтыхь гуащэ, Павел Езанэм и щхьэгъусэ, къэралым и императору щытахэу Александр Езанэмрэ Николай Езанэмрэ я ана **Романовэ Марие** къызэралъхурэ илъэс 261-рэ ирокъу.

♦Испанием щыщ сурэтыщI цIэрыIуэ **Пикассо Паблэ** къызэралъхурэ илъэси 139-рэ ирокъу.

♦Австриием щыщ композитор, скрипач, дирижёр **Штраус Иоганн-къуэр** къызэралъхурэ илъэси 195-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакIуэ **Елмэс Хьэжбий** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Парт, къэрал къулыкъущIэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бгъэжьнокъуэ Хьчим** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Урысей оперэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубз артисткэ, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр и нагъыщэ псори зыхуагъэфащэ **Вишневская Галинэ** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Журналист, УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс куэдкIэ щыта **Мырзэкъан Суфян** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Сириием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, СХЪР-м и парламентым и депутату, Адыгэ фIыщIэ хасэм и тхьэмадзу илъэс куэдкIэ лэжьа **Абазэ Шэрафэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Урысей актрисэ, РСФСР-м и цIыхубз артисткэ **Сёминэ Тамарэ** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, УФ-м и Президентым и Iэхуэхэр зэкIэлъызыгъакIуэ Iэхуэщ1апIэм и унафэщIу, СНГ-м и къэрал секретару щыта **Бородин Павел** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Фигурист, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Урысейм, Европэм, дунейм я чемпионатэм мызэ-мытIэу щытекIуа, Солт-Лейк-Сити (США) къалэм 2002 гъэм щекIуэкIа Олимп Джэгуэхэм чемпион щIыхьуа **Сихарулидзе Антон** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Наллышк пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 26, *блищIэ*

♦Школ библиотекэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Австрие Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - я щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦1824 гъэм Москва Театр ЦIыкIур къыщыхьIуахащ.

♦1861 гъэм Германием щыщ Рейс Филипп телефоныр къигупсысащ.

♦1863 гъэм Лондон дунейм щыпIэу къызэрагъэпэщащ Инджылызым и футбол командэхэм я зэгуэхьныгъэр. Абы хьыхьат къалащхьэм и футбол клуб пщыкIуэ.

♦1941 гъэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ сабий тхакIуэ, «Комсомольская правда» газетым и корреспондент Гайдар Аркадий.

♦1942 гъэм советыдзэхэр икIуэту Наллышк къалэм дэкIын хуей хъуащ.

♦1955 гъэм Ипщэ Вьетнамым и щIыналъэм къыщызэрагъэпэщащ Сайгон зи къалащхьэ Вьетнам Республикэр.

♦1956 гъэм Атом къарумкIэ дунейпсо агентствэр (МАГАТЭ) къызэрагъэпэщащ.

♦1976 гъэм СССР-м и шхапIэхэм бдзэжьейхэкIхэм фIэкIа щамыпщэфI махуэ щагъэуват.

♦1978 гъэм Узыншагъэр хъумэныкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм фэрэкIым и вирусыр зэрагъэкIуэдам теухуа хъыбар зэбгригъэхащ.

♦1991 гъэм Тыркумэн ССР-м референдум щекIуэкIащ а республикэр СССР-м хэкIыным теухуауэ. Абы щыпсэухэм я процент 94-м щIигър арэзы хъуауэ щытащ къэралыгъуэ щхьэхуэ хъуну.

♦Совет дзэзешэ, инженер дзэхэм я генерал-лейтенант **Карбышев Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 140-рэ ирокъу.

♦Франджы политик, а къэралым и президенту 1981 - 1995 гъэхэм щыта **Миттеран Франсуа** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦«Красный Кавказ» колхозым и унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Тхьэкъуахъуэ Башир** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэдкIэ щылэжьа, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джалэс Таужид** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и унафэщI **Емуз Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Куэтэншы Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщIу щыта **Нарышкин Сергей** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор **Дзыгуанэ Ритэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Наллышк пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Благъэ Iыгъынрэ шы Iыгъынрэ зэхуэдэщ.

ЧЭРИМ Марианнэ

ЛІы иримыкъу

Роман. Япэ Іыхьэ

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№125 - 127-хэм итщ).

- ЛІо, си унэбжэр Іухауэ къыщІэбгъэнар уэ цыкІужькІи?

- КъэтІыс, шей дефэнщ, - къыфІэмыІуэхуфэ зытригъауэмэ, нэхъ псынщІэу щІэкІыжыну пІэрэ? - ІункІыбзэр дгъуэтыпэхъеиы, куэбжэр дгъэбыдэри дыкъыдэкІыжащ.

- Си куэбжэм уи Іуэху хэлъкъым уэ, къыбгурыІуа? ЛІо, уи фызыжь цыкІымрэ уэрэ дунейр фыбгрэ фи гугъэжу ара? Устхъэлэпэнущ иджыпсту, цІыкІужьей! Уи къуэ полицайм сребгъэгъэтІысыну аракъэ, пыІэжьынэ? Уи пыІэ къуиймкІэ узмытхъэлэмэ, Алыхьыр согъэпщІ!

Хьэрун Щыхьым и щхьэр фІиубыдыкІыкъэ зэрельафэ. Бэуэгъуэ, Іэбэгъуэ, гупсысапІэ - зыри щыІэкъым. Сыхьэт мыгъуэ жыхуаІэрати, тхъуцІынэм хиІуа пІастэсэр, фІэлъар фІигъэхуу, Хьэрун зэрыкІуэцІиІуа щІыкІэр иужькІэ сыт хуэдизрэ емыгугпсысами, къыхуущІэжакъым Щыхьым. Мо щІалэ ябгарІуэрэн езым и пыІэр Іэщіэлъу щещэтэхам къэхуар кьыгурыІуакъым.

- Хьэрун? Хьэрун?

Хьэрун щымщ. Сэ къыхичыжар зыхэлъам деж лъыр уэру къерекІыкІ. Сыт къэхъуар? Зыгъэрым еджэн хуей? Щыхьым и Іуэрэ иубыдащ. Цыху иукІащ... ИукІар Хьэрунщ... ТхъуцІынэ къыззэрыпиупщІыну хуэжьа пІастэсэмкІэ...

Хьэрун къыззэрымытэджжьынур къызыгурыІуа Щыхьым цыхух хьэдэ и щыпэлъагъэтхъэм. Афганистаныр ар армэм здэщыІари, махуэ щІагъуэ дэмыкІыІу къыхуихуэрт губгъуэм ирагъкІыхьахэм яІупІъэни, зэрихьэни, щІилъхьэпэни. Ауэ ГьэнэгъуІэ пІэщІэкІэн жыхуэпІэмкІэ укъыхуэупсэным и пІэкІэ, езым и псэр хухэпхамэ нэхъ щымыгъафІэ щхьэкІэ хъунт абы. Щэбэным, сакъыным, тэмакъкІыхьыным зригъэхь мыхъуу, зезыгъэуКІыпэ лІым «джэд тхуфІэгъэж» къыжраІамэ, зрилъэфхьырт, цІыхум ебгъэрыкІуэн дэнэ къэна.

Дауэ цІыху иукІауэ зэрыпсэунур иджы? Езыми зиуКІыжьи занщІэу а сэ дыдэмкІэ? Ныкъуэдыкъуэу къанэмэ, нэхъеижитКІэ. ИлъэС дапщэ цІыхуукІкъм трапъхьэр? Бгъу? Пщы? ЯгъэтІысмэ, и гъащІэр кІуаУэ, ІІэжь хъуауэщ къыззэрикІыжынур. «ЛъэхъуэщІым исащ, цІыху иукІащ», - кхыухжаІэу. Марат и Іэщэр дэнэу пІэрэ щихъумэр? КІэрахъуэр блэуКІын хуейкъым. Щыхьым и нэгум къыщІыхьащ гулъытэнщагъэр е узым и бэлыхьыр яхуэмышэчу зызыуКІыжа цІыху цІэрыІуэхэм ещхьу, и псэри къытепсэлъыхьу. ЩыгъуІэ абы. УпсэуУэ уакъыфІэІуэхуарэт. Зы псэ щхьэкІи къзрыбгъуКІым щы хъурейр кІэрэхъуэн. Мис, Хьэрун щыІэжькъым, хэт жейм емыязгъар абы къыщІэгупсысурэ? Сыхьэт дэкІмэ, темэхыкІ защу къызэхэтІысхьэнщ хьэлу Іыхьэ щхьэкІэ и Іэр шиИуэ дзэыгъэтахэр. Ауэ зыкуКІар уэращ, Щыхьым. Хэт нэхъри нэхъ цІыхуфІу уи гугъа уэ!

Щыхьым жэрыжэкІэ и къуэм и пэщыхи кІуауэ, зэрызиужькІыну кІэрахъуэр къыщІэлъхьэуэ. ИгъуэтыкрКІым. Сыт ищІэнур? ПщэфапІэм къиГъэзэжкри, тхъуцІынэм хиІуа пІастэсэр Хьэрун и ныбэм зэрынэса гъуэгур и нэгум щтэІэщтаблэу щиКІужащ. Мис, Хьэрун Дахэзилэ хуихьа къэб фалъэр химыгъэщІалаУэ иІыгъыу ксыщІокъэ. КъэКІуатэм-къэКІуатэурэ, тепщэчыр Щыхьым и щхьэм къыфІеІубэ, блыным иригупІауэ кьыжьхэофыщІыхь. Щыхьым сэр зыхьІуа тхъуцІынэр щыхьм ПъимыбгъэІэсын щхьэкІэ, Іэтауэ иІыгъщ, апщІондэху Хьэрун унэлъэгум ехуэха къэб Іупщ1эр къищтэжауэ Щыхьым къыгурекухь, зыгуэрхэр къебжь. «ЗыбгъэнщІакъэ иджыри? ЗыбгъэнщІакъэ, зо?» - кьоІуэж и тхъэкІумэм Хьэрун и макъ гъымыр. СыІэщІокІ жиІэу зыщиригъэзыхьым, кьапхъуэри и щхьэр фІиубыдыкІаІ. Сэ иІыгъыу ищІэжьыхакъым мо бэуапІэ здимыгъэтыхьм. Іэбэрабэуэрэ, Іэ ижьымкІэ кІуэцІыуэу щабэ гъэрым хэщэта нэужьщ къыщыгурыІуэжар тхъуцІынэ зыфІэмылъыж сэр иджыркхэми зэримыутІыпщар. ИтІанэ ещэтэхащ тхъэмыщкІэр, Щыхьым и пыІэ щопсыр Іэщ1элъу. Дэнэ щыІэ ар? Мис, пыІэри щыхьэту кьреув.

ИлъэС плІыщІрэ бгъэрэ фІэкІа мыхъуу лъэхъуэщым итІысхьэу зригъэпІыхьын хуейуэ ара-тІэ мы дежьэкьым щхьэкІэ? Мыбобэмэ, пщэдей зыгуэрым Іэщ1эукІэнут ар. Зэрыпсэуам хуэдэ дыдэу лІэжащ. Къэзылъхуа и анэм къыдигъэтІысыкІащ, зримыпэсыжу. И фызи, и быни иригъэжащ. Сыт Щыхьым абы щхьэкІэ зыщІигъэІэжыну?

Зы гупсысэкІэ адрейр иригъэжэжу, Щыхьым и нэгум жэрыжкІэ тепщэгъэуэкэр щыхьэзэжэкэрт, къэуВыІэ къэхэмыкІыу. Акъылышхуэ игъэхъейуэ къыпфІэщІ щхьэкІэ, утыку ихьэн щыхуейм деж, гупсысэр зыхъэмыщхьэпэ щІыхуэкэм ящыщт Дахэзилэ и Іыр, сыту жьІпІэмэ, и щхьэ и унафэ ищІыжу есатэкъым. Дыгъэ кьепсми, уэс кьесми, а зы кІагуэжьыр зымыкъуэжьм ещхьу, Щыхьым арэзы къэзыщІын гулъытэ щІыхуримыкъуэр езым щІыхуэм зэрызапЫуидзырт, абы кхыхэкІыуи екІуэкІыр зэримыльъагъурт. «Сыкъыфф1эмыІуэхуми, сэ фэ нэхърэ сынэхъыфІы», - яжриІэ хуэдэт абы псоми щыму, ауэ езым зыдилъагъуж щэныфІагъри зыми и нэ къыщІэуэртэкъым. И лІыр гъащІэм зэрыщыщтэр, и щхьэ къигъэпІэжу фІэкІа зэрымыпсэуфыр пасэу къызыгурыІуа Дахэзилэ «мыбы мыр къыпхужиІащ, модрейр мыпхуэдэу къыпгопсэлъых» - къыжриІэуэрэ, и нэгум щигъафІэ чэщанэхэр къыхуэзтригъэщащэрт, ахъшэу кьилэжьыр Іэщ1ИгъэкІырэт, зэриГъэуна хъыбархэм щІигъэдэІукІыжырт. Хьэрун зытеунэхъуа аркъэ абджыр, а Линэ дж къыззэриКІыжу ирифар, и фызым зэрыритар къищІамэ, дауэ къыщыхъуну пІэрэт Щыхьым? КъищІапэми, сэр хэззыІуар езыращ. ЩІэныГъи, хьэлэлагъи, зэгъэзаухи зи куэд, «Къамбогъэ Лащ-ми» «Аннэ Карениномэ» еджа, ауэ тыншыр захуэм щыпэщІэувэм деж, куэдрэ зизымылъэфыхь езы Щыхьым.

ГуфІэми гуІэми куууэ хэпхыщІэхьэпреху. ЗэрымыкъуанШэр зыщІэж, и щхьэр ихъумэжу зыгуэр зыІэщІэуКІа цІыхум зыхиищІапхъэм емыщхь гуэрт Щыхьым и нэр щІызыГъэунКІыфІыкІыр. Ужагъуэ зэрыхъуэр, щхьэгъыбсэмрэ къуэмрэ езым зыхуигъэфэщжьым хуэдизэ хьэтыр къызэрыщхьмыІэр и лъэгум банэу хэлът абы. Уэнэм кьихьэхэм я нэхъыбГэр къызыкІэлъыкІуэр аХэрати, хьэщІэхэми я плІэр Щыхьым пщІэшхуэ къыкІэлъыІэзэрахьэн пщэрылъым зэримыухуэр нэрылъагъут. ЦІыху пагэхтэкъым Щыхьым, апхуэдэжкІэ зызыхуиумысижжыфырт, уеблэмэ, ЦІыІуи инки къызэрыуеплъыхьир езым щыІэныгъэшхуэ зэрыхэлъым, закъыТримыгъэхьэлъэныр къызэрехъулІэм и нэщэнэ хуэдэу игъэувыртри, ари и екъулІэныгъэхэм хигъэзэрыхьыжырт.

Маратрэ Дахэзилэрэ цІыху хэтыкІэкІэ къызэрыткІуэм щэч къытрихьэртэкъым Щыхьым. ИгучІэ и фызым еныкъэкъу щхьэкІэ, анэ бзаджэм къуэмылыкІ сабийм ещхьу, цІыху къахьыхэ хъуми, хабзэм Іэщ1эмыкІыфу езыр зыщІыпІэ щрапъэфажьэкІи, ар зыщыгугъыр къуэжьр зыдэджэрэз Дахэзилэ и жьэмрэ и къуэм и къулыкъымрэт. А псэукІэ тыншыр зыІэщІимыгъэкІыжынэ нэхърэ нэхъ зэлІалІэ хэттэжьым и гъащІэм. Нобэр къыздэсым а и щэрэр ирезыгъэгъх, и гум жьы хуит зымыгъакІуэ нэщхъеягъэ хэгъэрэр насыпыфІэу зилъытэжьну хурикъуащ. Иджы-тІэ къыхуэзэжу къепщафІэу щыта Хьэрун зэи зэрыхуэмыгубжьам и псапэри, сэф пкъырту къебГъэрыкІуам зэрызыщихъумар къэрал хабзэм игъэзэхуапхъэу зэрыщыгъри зэанэзэкъуэм я ней къызэрыщыхуэнум хэгъуэщапэрт. Дахэзилэрэ Маратрэ Іуэхум къызэрыхашынум къытригъэхуэну щІыхуэр зэрыхуэмыпшынынурт и щхьэфэщыр изысэр. Псори щхьэщаха нэужь, къыхаІум къыхачыжу къыхуэздрахьэкІын пІастэсэр езым яІэщІилъхьат. ИпЭсэщэ къигъэщІэжми, Щыхьым абыхэм нэхърэ нэхъыбГэ къыщІэкІыжынкІи хьунутэкъым.

Зы махуэм щІэкІыкрьым цІыхум и къарур. И щхьэ хуигъадэрэ къагурыІуэну щыгугъыу, сакъыурэ щІедзэ абы ихъуреягъым егуэпэкІи. Щыхьым апхуэдэут ГъащІэм зэрыпежьар, школыр къиуха нэужь щыщІпІи зэрыщІэмыстыхсхьэфам дэкІуэныгу ищІа хъыджэбзым щыгъпхъуам. Езыр абы щыгъуэ мэкъумэш институтым къыщІамыдзыжьын щхьэкІэ ильэс зыгъэпсэхугъуэ къыІрихауэ дэст, дипломыр къызэрыхуащэхужьынур ищІэу. ЩыкъуІкІэ зэрелэбыхьэр апхуэдизкІэ наІуэти, зэрыт ныбжьым хуэфэщэж къуажэ хъыджэбзым и унэцІэр зэрыритам къыпэкІуапхъэр псэуху хурикъун и гугъащ. И пщыхьэпІи къыхэхуакъым Щыхьым щхьэгъусэ зэрыхуэхъуам фІэкІа зыри зыбгъэдэмылъ анэ ныбжьыщІам и къуэм дэкІуэн щІимыдзэ щыкІэ зыкъэрипщытыну.

Ауэрэ Интернетымрэ телефон лъапІэхэмрэ къожьэри, цІуугъэнэр хабзэм и пІэ йоувз. Щыхьым хадэ хъарзынэ зэрихьэрт. Нобэми абы къыщІихьэрт Дахэзилэ и зыгъэщІэрэщІапІэр зэриГъэлэжьэр. Ауэ согъэбагъуэ жиІэу абы иришІэмкІэ дунейр къутэкуКІэ къыпхуэумысынукъым.

ЩІакхъуэм и уасэм щІэупщІэ зимыхьэл Щыхьым ахъшэм хуищІ пщІэр ар Дахэзилэ зэрызщІилъхьэм деж щеух. Лымь пщІэнтІэпс хьэлэлкІэ мыІэрысэм кІыхьэр фызым хэхъуэкІэ ет. Ахъшэтелъхьэ бэгъуэр къызІахьижэр, хьэуэ, къызытрахьжэр я къуэм ирагъэтъэшынэн хуей зэрыхьур, Іэнэм ящыхуТрагъуэрэ шыпс Іувыр щІыхуэгъуэхэм я нэпс гуащІэкІэ зэрызэІыхар Щыхьым щабэщІыщІыркъым, къызэрыфэмыІуэхур ящІэрк. КъыфІэмыІуэхуэхэр пэжкъым, ауэ зыщхьэдегъэІух. НэгъуэщІу умыпсэуфыну къыщІохъу. Езыр зэманым лъэщІэмыхьэ щхьэкІэ, и къуэмрэ и фызымрэ я Іэмалыр яІэщІигъэкІыну хуейкъым. Апхуэдэу, цІыхухэм зэрызащидзэйм «зэпІэзэрытыгъэ» фІищІауэ, тхьапэ еджэу, телевизор епІуу, шахмэт джэгуу мэпсэу. Аращ, пэжым ухуейм, гъащІэм и лъагапІэу кьилъытэри. Щыхьымии нэр зыгъэгуфІэ тепІъэгъуэ щхъуэкІэплъыкІэхэр къытемызэрыхьхьэу щытыкъым, ар цІыхуэ. Ауэ усакІуэм зэрыжиІауэ, лъагъуныгъэмэ гужьгъэжьмэ зыри щІитыфынукъым.

Зыгуэр зыІэщІэщІа къызэрыгуэкІ хуэжьэдэсым полицэм хэт къуэ иІамэ, игу хэщІын дэнэ къэна, ар и напщІэм телъу, хуабжу игъэІупхъэхэр унэгуащэм Іуриплъхьэнти ежьэжьнт. Хьэрун зыми щищыпэлъагъутэкъым хьэблэми къуажэми. Абы фадэр зэремызэгъри, гъунэгъу лы Іэсэр кьрильэфэжьэн зэрихьэлІри ящІэрт. Ауэ, ГъэщІэгъуэнракъэ, Щыхьым Хьэрун егупсысыххэртэкъым. КъуанШэу зыщІылытэжьи и щхьэ пщІэ хуищІыжьи хьэлым щызыГъэужьыпа и унагуэм и пащхьэт. «КъыхсхуагъэгъуэнукъыМ! Къысхуагъэгъуэнукъым! Къысхуагъэгъунукъым», - Іэмал иМыІэу тхьэгъуэ дэгу гуэр щыІэуэлъауэт и тхьэкІымэм.

Зэрыхъу ирехъу, зыкъиумысынщ, - кьолъадэ аргуэру и щхьэм. Хэт зыжраІэ хабзэр? ДаІэпыкъуэгъу псынщІэм? Полицэм? Дауэ? «ФыкъакІуэ, цІыху сукІащ». ХьэмэгъунэгъуэрыМ бгъэдилъхьэн? Хэт? Бэн и адэ Хьэсэн цІыху хъарзынэщ. Абы елъэІунщ къэкІуэну. Ауэ укІуэным зэман ихьынщ,телефонкІэтепсэлъыхьыфынукъым. Унэм щІэсхэри псэкІуэдкъэ, хамэм кхыжраІэмэ.

Хьэуэ! Сыт и напэр зытрихьжу утыкум щІипщхьэнур? И къуэр полицэм кхыхадзыжмэ-щэ? ЗыкъыззригъэпщІэжьи гупсысэм и кІапэр зэриубыду, Щыхьым и гум къызэригъуэтыжьи щІидзащ.

Ялрэауэ, зыми илъэгъуакъым. ЕтІуанэрращи, иджыпсту жэщщ. Жэщым Іэджи къоХу. ЗэрымыщІэкІэ и псэр хэкІащ. Зиуклжащ. Щхъуэ иригъэхащ. Ишхар езэгъакъым. Я дежь ишэжьищи, пІэм хигъэгъуэлъхьэжьнщ. И закъуи? И закъуэ. Гу кІыхь гуэр и1щ шэрхъиплІ щІэту. Абы иритьхьэнщи, зыгуэр трипхъуэнщ, Араш ищІэнур. Зыми жриІэнкъым. Полицэм хэт и къуэми, пщэдей ящэну хъыджэбзхэр зыгъэщІэращІэ и фызми. ЛІы хуэдэу езым игъэвынщ а бэлыхьыр. Догуэ, хьэдэгъэпскІым гу лъитэнкъуэ? АпщІондэку зыгуэр кІигупсысынщ.

Хьэрун щыІыбым щІэкІщ, гуэщымкІэ екІуэкІри, шэрхъипІ зыщІэт гу кІыхьыр дэкІуеипІэм къыІуишащ. ИтІанэ-щэ? Іэлъэ гуэр къэгъуэтын хуейщ. Къигъэзэтащ. Жьигхэр щиуХьэнщІкІэ зыІэриІІагъэу цы Іэлъэ зэрежь. Гуэныр кІуэри ар къиГъуэтыжщ, зыІэригъэзагъэри, унэм къигъэзэжащ. А псори щыму, псынщІэу, уэздыгъэхэр щІигъанэм-игъэункІыфІыжурэ. Сыхьэтыр пщІым фІэкІагъэнт. Иджы къэнар Хьэрун гум ирилъхьэнырщ. Хьэдэр и закъуэ хущІэхьынукъым, ауэ гур унэм къыщІишэфынущ... Іэуэльауэ гуэр къоУ. МэдаІуэ. Зыгуэр къыдэкІуейрэ хьэмэ къыфІощІра? Щыхьым, Хьэрун и хьэдэр гу цІыкІум иригъэзагъэри, и щІыпм пІэипхъуэ трипІэжат, Дахэзилэ и щыгъыныр зэрихьуэкІын щхьэкІэ къыщыщІэпъэдэжам. ПІыр Іэбэри уэздыгъэр игъэункІыфІащ.

- Сыт пщІэр?

Щыхьым щымщ. Дахэзилэ пхъуэри, уэздыгъэр щІигъэнэжащ.

- Унэм гу щІашэу пльэгъуа игъащІэм? Сыт мыбы иплъхьари? ПІэипхъуэр сыт мыбдеж къыщІэсар? - Дахэзилэ Іэрпхъуэру гум бгъэдолъадэ, пІэипхъуэр къытрехри:

- Ааа! - и жьэр еубыд, - Хьэрун!

И пІым йопІъ. Уиз пльэгу пльы пщІам зэрыщІигъэнам абджещ гу щыльитар.

- Къэхъуар сыт?

Дахэзилэ укъызыгъкІуэт гуэр бгъэдэлъхьи лІэ. Дунейм теткъым Іуэхур напэтех дыдэм хуэмыкІыуауэ, и ІумпІэр зэрыпхуиутІыпщыжькІи. Щыхьым апхуэдэ куэдым и щыхьэт хъуат. ИтІани, шхийм епхъуэн фІэкІа Іэмал къызыхуэмынэжам гуГъэ хихьжьыфыртэкъым и фызыр къызэрыщІыхьу дыдэм хуэдэу къыщІэмыкІыным.

- Шей сефэу сыщысу къыщІэлъадэри... - КъригъэжьащІ Щыхьым.

Шеймрэ утыкум илъ хьэдэмрэ апхуэдизкІэ зэпэжьжьэ, и кІэм хунэгъэсакъым. Щыхьым щІэкІмэ нэхъ къищтэу, гур иришэжьащ, Дахэзилэ лъыр зэрригъэхьэзэжьмэ шэч хъытримыхьэу.

- КъэувыІэ зэ! Сыт пщІэну зэыхэтыр? - Сошэж.

- Сыт щхьэкІэ?

- Сыт-тІэ сыбгъэщІэнур?

- Марат жедгъэІэ.

Щыхьыми арат зыхуейр, ауэ зыкъиумысакъым:

- Ари бэлыхь хэддзэу.

- Абы иджьитэкъым ущегупсысын хуеиР.

Ар зэрызэхихыу, Щыхьым Хьэрун зэрымыпсэужьир япэ дыдэ игу кьеуащ. Гъунэгъуи и хьэдэр нэхъ къыхэгъапэу къыфІэщІырт, зэрызищІынур имащІэу къыщІэхьащІт Дахэзилэ нэхърэ.

7.

Адэ щІэпхъаджащІэ

МАРАТ и пльырыгъуэт, и анэр телефонкІэ къыщыпсэлъам. Сыхьэтыр жэщыкум фІэкІат. «УкъэмыкІуэжу хъунукъым» фІэкІа нэгъуэщІ къыщыжримыІэм, машинэм итІысхьэри, къуажэм екжхьжащ.

Я куэр дэкІуеипІэм къыщытеувам, Щыхьым енькъэжьу Дахэзилэ и макъыр унэм иджыри къыщІэкІыкІырт. Къэхъуар къыгурагъэІуэным зэманыфІ ихьащ, Щыхьымрэ Хьэрунрэ я шыфхэлІыфэкІэ джэдуэ асЛэнрэт. ЩыхьуэжьэкІэ уэзмыджэн и адэм я Гъунэгъу щІалэ Іэчльэчыр иукІауэ и фІэщ хуэакъым зыкъомрэ. Нэм илъагъур дэнэ пхьынт итІани? Гуэзвэгъуэр нэгъуэщІпІэ къыщыхъуамэ, зыкІи мыкъуанШэ зэанэзэкъуэр апхуэдэ дыдэу гужьеину къыщІэкІынтэкъым. Дунейр къызэзыгъэдзэкІыр хьэдэр я пщэфІапІэм зэрыщІэлъымрэ утыку ишапхъэр Щыхьымму зэрыщыгъымрэт.

И къуэр къызэрыщхьэщыжьынум шэч кьытэзымыхьэ Щыхьым и щхьэр къыхуэІэтэртэкъым. ЩІалэм иригъэфынкІи хъунум я нэхъ Іейр иригъат. Хабзэм и хьэтыр льапсэгъуэм я щапхъэу щытынымрэ и пІэкІэ, цІыхууукІыу утыку кхиуващ. Хьэрун унэм ишэжу пІэм хигъэгъуэлъхьэжьну зэримурадыр щыжриІэм, модрейр къыхуилъащ:

- УмыкІуанШэу хэт и фІэщ пщІыжьну итІанэ?

Ари пэжт. Къэхъуар къызэрыщІэщынур гурыІуэгъуэщ. ЗэлІэлІапхъэр зэрыхъукІэ напэтех нэхъ мащІэ Іуэхум хэтынырщ. Псом хуэмыдэу - пщІы. Щыхьым зыкъиумысынкІи и къалэнщ. Марат - щІэпхъаджащІэр и адэраущ зэрыщыстым щхьэкІэ худимычыс зищІынкІыр. Апхуэдэу псори нэхъ псынщІэу зэфІэкІынущ.

- ЩІэпхъаджащІэр армырами зыкІи мыкъуанШэмэ-щэ? - - къэуІэбжьащ Щыхьым. - Зэрыхъуар щыпщІэкІэ, куу зумыгъэщІу Іуэхур зэхъэщІыжмэ зэфІэкІакъэ?

- ЗэфІэкІащ, абы иужькІэ полицэм укъыхэкІыжу къуажэм удэІэпхъуКІынумэ, - пиупщІщ Марати, телефоныр къищтащ.

- Группэ уи гъусэу къакІуэ, - и тхьэкІумэм зэхихьр кьыгурыІуэпажкъым Щыхьым.

«ГруппэМ» къикІыр «гупщ». Ауэ хабзэхъумэ псалъалъэм ар зэрихъуэж щыкІэр Іупщ1 щыхъуар полицэ фащэ зыщІигъ щІалажэр хуэфІу зэрыс машинэ зыщыпІІ я куэбжэпэм къыщІэльаДэу нэхущ пщІантІэр яуфэбгъуа нэужьщ. Щыхьым и нэгум щІэкІыр пщІыхьэпІэм ещхьт. Къэхъум и щхьэр хуэкІуакъым япщІыкІэ. ПщІы пригъэупсыну щыхимыгъэзыхькІэ, езым зыкъиумысыну щыхьэзэрыкІэ, зэрымыхъумыщІагъэу къыщыхъур зи Іэмыщ1э иІтэ и къуэм щэхуу дишрэ зэрыхъуКІэ нэхъ псынщІу кьиутІупщІыжжа зэрыщхьакІакъэ, и напэр тримыхьу? Сыт кІыфІ зэжэтым полицэ уэздыкнэр къигъаджэрэ хьэблэр ящІэжьа щхьэкІэ щыщІэкъым зищІысыр? Мыпхуэдиз дэІэпыкъуэгъу къыщІебгъджэн, щІэпхъуэжьынКІи хъун цІыху шынагъуэ дэс мыбдежьм?

Щыхьым Іэпщэху къралъхьауэ пщІантІэм даш. Хэт сурэт кьытрех, хэт хьэдэр гуэ кьрехьж, хэт дэкІуеипІэр кьепщ... Сыт ми, ди Щыхьымы пщІэр полицэм яшэри, пльэхъэщым ирадзэ. «Іуэхур зэхагъэкІыху».

«ТхЬэм пщимыГъэгъупщэкІэ» жыхуаІэрати, Щыхьым цІыху зэрыщІэщІэукІари, гуэзвэгъуэ зэрыхъэуари кьыфІэІуэхужьыртэкъым, и щхьэ и заКъуэм «группэ уи гъусэу къакІуэ» жиІэу зэрызэхихрэ. Дауэ? Ари адэр дэтшынущ жаІэмэ, ягъэувыну зыщыщІыгъуЗ, спортым хэт, Іэщэ зыІэщІэлъ, псори зэхъуапсэ юридическэр къэзыуха и къуэм езыр иригъэгъэтІысу ара? Хьэмэ жриІар и фІэщ мыхъуауэ гурыщІхъэ къыххуищІу пІэрэ? Пщэдджьжь Хьэрун щІалъхьэн хуейщ. Ар къызэрытехьэлъэнур ищІэу дригъэш зищІа къыщІэкІынщ, зыкъримыгъащІэу.

Хабзэ и лъэныкъуэкІэ къапщтэмэ, зыдэлъхъумэжу цІыху зыІэщІэхъам ищІар щІэпхъаджагъэшхэу къалъытэркъым, нэхъыбэ дыдэу ильэситІ трапхьэн-трамылъхьэнщ. Ауэ Іэгуэ и пэжкІпІэр зэхагъэкІынм ихь зэманыр тезыру зыхуркьуж щыІэщ. Зэрыхейм и щыхьэт наІуэхэр зэхуахьэсын хуейщ. Утыкум хьэдэ иІу хэй дыди щыІэ?

Щыхьым а псом щыгъуазэхэтэкъым. Іуэхур къызэрыгурыІуэр къызэрыгуэкІ дыдэут. Хьэрун сэ хэзыІуар ерыщащи, мыкъуанШэхэу пхужьыІэнукъым. Ауэ, ягъэрауэ, зиуКІыжьащ. ЕтІуанэрауэ, зэрыкъуанШэр наІуэ дыдэ ирехъуи, и къуэр полицэм щыхэтКІэ, хэлЫфЫхъу имыгъэтЫсыхэсэнкІэ хуэзфІэкІын хуейщ, зыкъыГуригъэхуа папщІэ. Адэмрэ къулькъумрэ хагъадэрэ, адэр къыхимыхмэ, езыми и напэр текІынущ, Щыхьымкъэгъэнауэ.

КьызэфІэзэрыхьу теужа Марат а псом зэрыщыгъуэ тІэкІу нэгъуэщІут. Уиплэмэ, уи нэгум къыпхуущІэмыльгъэжьну нэгъуэщІ зэфІэзэщут. И адэр къуаншапэу щытми, ар къызэрыхишыфын хьэтыри Іэмали иІэт абы. ЗэрымыщІэкІэ зыгуэр зыІэщІэуКІа дэнэ къэна, пщІэкІэ цІыху зрагъэукІэжм я тезыриР ящхьэщихыныр Іэщ1агъэ зэрыхуэхъурэ куэд щІат, абы и фІыгъэкІэ мыльку хъарзыни кхыхэхъуэу. КІэщІу жьпІэмэ, «уей-уей» жезыгъэІэхэм ялыщІат. Икли а тхъэгъуэм и адэ-хадэгъэкІыж и Іыпэ щопсыр щхьэпхуэхуа щхьэкІэ зыхихъэкІыжьфыпнутэкъым. Зи ныбжьыр илъэс щэщІым езыхулІэ щІалэм и щхьэр ахъшэм зэрригъэунэзэр, езыми мымащІэу зыкъыщІэрфІэщІыжар акъыл зиІэхэм яльагъу щхьэкІэ, абы ириузрКъэзилэ зэщыщІыгъуазэу Іуэхум хэлъыр нэхъыбэжт. ЗэрымыщІэкІэ зыгуэр зыІэщІэуКІа дэнэ къэна, пщІэкІэ цІыху зрагъэукІэжм я тезыриР ящхьэщихыныр Іэщ1агъэ зэрыхуэхъурэ куэд щІат, абы и фІыгъэкІэ мыльку хъарзыни кхыхэхъуэу. КІэщІу жьпІэмэ, «уей-уей» жезыгъэІэхэм ялыщІат. Икли а тхъэгъуэм и адэ-хадэгъэкІыж и Іыпэ щопсыр щхьэпхуэхуа щхьэкІэ зыхихъэкІыжьфыпнутэкъым. Зи ныбжьыр илъэс щэщІым езыхулІэ щІалэм и щхьэр ахъшэм зэрригъэунэзэр, езыми мымащІэу зыкъыщІэрфІэщІыжар акъыл зиІэхэм яльагъу щхьэкІэ, абы ириузрКъэзилэ зэщыщІыгъуазэу Іуэхум хэлъыр нэхъыбэжт. Марат. И адэ нэгъуэщІ щІэныгъэ зэрыщыщІыжьу, Щыхьым и щхьэр ихъумэжу зыгуэр зыІэщІэуКІа цІыхум и щхьэ и унафэ ищІыжу есатэкъым. Дыгъэ кьепсми, уэс кьесми, а зы кІагуэжьыр зымыкъуэжьм ещхьу, Щыхьым арэзы къэзыщІын гулъытэ щІыхуримыкъуэр езым щІыхуэм зэрызапЫуидзырт, абы кхыхэкІыуи екІуэкІыр зэримыльъагъурт. «СыкъыфФІэмыІуэхуми, сэ фэ нэхърэ сынэхъыфІы», - яжриІэ хуэдэт абы псоми щыму, ауэ езым зыдилъагъуж щэныфІагъри зыми и нэ къыщІэуэртэкъым. И лІыр гъащІэм зэрыщыщтэр, и щхьэ къигъэпІэжу фІэкІа зэрымыпсэуфыр пасэу къызыгурыІуа Дахэзилэ «мыбы мыр къыпхужиІащ, модрейр мыпхуэдэу къыпгопсэлъых» - къыжриІэуэрэ, и нэгум щигъафІэ чэщанэхэр къыхуэзэтригъэщащэрт, ахъшэу кьилэжьыр Іэщ1ИгъэкІыжырт. Хьэрун зытеунэхъуа аркъэ абджыр, а Линэ дж къыззэриКІыжу ирифар, и фызым зэрыритар къищІамэ, дауэ къыщыхъуну пІэрэт Щыхьым? КъищІапэми, сэр хэззыІуар езыращ. ЩІэныГъи, хьэлэлагъи, зэгъэзаухи зи куэд, «Къамбогъэ Лащ-ми» «Аннэ Карениномэ» еджа, ауэ тыншыр захуэм щыпэщІэувэм деж, куэдрэ зизымылъэфыхь езы Щыхьым.

ГуфІэми гуІэми куууэ хэпхыщІэхьэпреху. ЗэрымыкъуанШэр ящІэж, и щхьэр ихъумэжу зыгуэр зыІэщІэуКІа цІыхум зыхиищІапхъэм емыщхь гуэрт Щыхьым и нэр щІызыГъэунКІыфІыкІыр. Ужагъуэ зэрыхъуэр, щхьэгъыбсэмрэ къуэмрэ езым зыхуигъэфэщжьым хуэдизэ хьэтыр къызэрыщымыІэр и лъэгум банэу хэлът абы. Уэнэм кьихьэхэм я нэхъыбГэр къызыкІэлъыкІуэр аХэрати, хьэщІэхэми я плІэр Щыхьым пщІэшхуэ къыкІэлъыІэзэрахьэн пщэрылъым зэримыухуэр нэрылъагъут. ЦІыху пагэхтэкъым Щыхьым, апхуэдэжкІэ зызыхуиумысижжыфырт, уеблэмэ, цІыІуи инки къызэрыуеплъыхьир езым щыІэныгъэшхуэ зэрыхъэм, закъыТримыгъэхьэлъэныр къызэрехъулІэм и нэщэнэ хуэдэу игъэувыртри, ари и екъулІэныгъэхэм хигъэзэрыхьыжырт.

Маратрэ Дахэзилэрэ цІыху хэтыкІэкІэ къызэрыткІуэм щэч къытрихьэртэкъым Щыхьым. ИгучІэ и фызым еныкъэкъу щхьэкІэ, анэ бзаджэм къуэмылыкІ сабийм ещхьу, цІыху къахьыхэ хъуми, хабзэм Іэщ1эмыкІыфу езыр зыщІыпІэ щрапъэфажьэкІи, ар зыщыгугъыр къуэжьр зыдэджэрэз Дахэзилэ и жьэмрэ и къуэм и къулыкъымрэт. А псэукІэ тыншыр зыІэщІимыгъэкІыжынэ нэхърэ нэхъ зэлІалІэ хэттэжьым и гъащІэм. Нобэр къыздэсым а и щэрэр ирезыгъэгъх, и гум жьы хуит зымыгъакІуэ нэщхъеягъэ хэгъэрэр насыпыфІэу зилъытэжьну хурикъуащ. Иджы-тІэ къыхуэзэжу къепщафІэу щыта Хьэрун зэи зэрыхуэмыгубжьам и псапэри, сэф пкъырту къебГъэрыкІуам зэрызыщихъумар къэрал хабзэм игъэзэхуапхъэу зэрыщыгъри зэанэзэкъуэм я ней къызэрыщыхуэнум хэгъуэщапэрт. Дахэзилэрэ Маратрэ Іуэхум къызэрыхашынум къытригъэхуэну щІыхуэр зэрыхуэмыпшынынурт и щхьэфэщыр изысэр. Псори щхьэщаха нэужь, къыхаІум къыхачыжу къыхуэздрахьэкІын пІастэсэр езым яІэщІилъхьат. ИпЭсэщэ къигъэщІэжми, Щыхьым абыхэм нэхърэ нэхъыбГэ къыщІэкІыжынкІи хьунутэкъым.

Зы махуэм щІэкІыкрьым цІыхум и къарур. И щхьэ хуигъадэрэ къагурыІуэну щыгугъыу, сакъыурэ щІедзэ абы ихъуреягъым егуэпэкІи. Щыхьым апхуэдэут ГъащІэм зэрыпежьар, школыр къиуха нэужь щыщІпІи зэрыщІэмыстыхсхьэфам дэкІуэныгу ищІа хъыджэбзым щыгъпхъуам. Езыр абы щыгъуэ мэкъумэш институтым къыщІамыдзыжьын щхьэкІэ ильэс зыгъэпсэхугъуэ къыІрихауэ дэст, дипломыр къызэрыхуащэхужьынур ищІэу. ЩыкъуІкІэ зэрелэбыхьэр апхуэдизкІэ наІуэти, зэрыт ныбжьым х

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэщ

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Тхьэкіумэкіыхьыл гъэбэкхъа

Тхьэкіумэкіыхьыл гъэкъэбзар Іыхьэ-Іыхьэуре зэпаудэ, псы щіыІэкіэ ятхьэщІ, бжьныхьу, шыгъу, шыбжий халъхьэ, фІыуэ зэІащІэ. ИтІанэ лы Іыхьэхэр тхъу къэпльа зэрыт тебэм иралъхьэри, лъэныкъуитІымкіи тхъэплъ хъуху ягъажьэ. Тебэм кърахьыри, шыуаныи иралъхьэ, абы халъхьэ Іупщіэ инурэ упщІэта бжьныщыхьэ, псывэ щІакіэ. И щхьэр трапІэри, зэ къытрагъэкъуалъэ, мафІэр цІыкІу ящІри, дакъикъи І0-І5 хуэдизкІэ ягъавэ. Абы иужькІэ Іым шатэ щІакіэ, бжьныхьу-шыгъу халъхьэ, зэІащІэри, шыуаныщхьэр тепІауэ хьэзыр хъуху, дакъикъэ зытхуэкІэ, ягъэбэкхъ.

Шыуаныр хьэкум къытрахьж, джэдгын траудэри, шыуаныщхьэр тепІауэ дакъикъи 4-5-кІэ щагъэт. ЗэрызэщІэлъу, пщтыру Іэнэм трагъэувэ. Дашх пІастэ, мырамысэ, чыржын, мэжаджэ.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): тхьэкіумэкіыхьылу - г 300, лэпсу е псывэу - г 25-рэ, шатэу - г 50, бжьныщхьэу - г І00, бжьныхьу укъэбзауэ - г І5, тхъуэу - г 100, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдизэ.

Джэдыкіэ куда

Джэдыкіэ ивыкІар яукъэбз, и кІыхьыпІэмкІэ тІууэ сэкІэ зэпаупщІ, кугъуэр кьрах, тепщэм мыулъийм иралъхьэри, яуб. Абы халъхьэ шатэ Іув, бжьныхьу уба, шыбжий сыр плъыжь уба, шыгъу. Псори зэІащІэри, джэдыкіэ кугъуэр къыэрахьаи щІыкІуиІэ иралъхьэ пІинэ къыщІу. КЬыІалъэм дагъэувэри дакъикъи 6-8-кІэ дагъэт, диин щхьэкІэ.

Іэнэм щытрагъэувэкІэ, бжьын цІынэ зэпыгъэльэлъа тракІуэ. Дашх пІастэ, щІакхъуэ, чыржын, хьэлІамэ.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): джэдыкІэу - 2, шатэу - г 20, бжьныныху укъэбзауэ - г І0, бжьын цІынэу - г 5, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдизэ.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Тэтэр Анатолэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и пщІэр иІэту илъэс куэдкІэ щылэжьащ. Ноби абы и цІэр гъуазджэр фІыуэ зылъагъуэм ящыгъупщэркъым.

● Фэеплъ

● Гушыпэхэр

Пырхъыжу жейрт

Хъуэжэ дыгъуауэ ягъэкъуаншэу суд пащхьэм ирашащ. Арщхьэкіэ, дауэ хамыгъэзыхьами, зариГъэумысыртэкъым.

Зыкъомрэ зэдзуа нэужь, хеящІэм Хъуэжэ зыхуигъэзащ:

- Іэхум уэхІын уи гугъэми, узэдгъуаум укъицІыхужащ, - жиІэри.

- Зиусхьэн хеящІэ, дауэ сыкъыІэзрицІыхужынур ар пырхъыжу жеямэ? - жиІащ Хъуэжэ.

НэхъыфІыжи сиІэщ

Хъуэжэ пыІэ къуацэшхуэ щхьэрыгъуэу хьэщІапІэ кІуат. Бысымым ауан хэлъу: «Сыту пыІэ дагъуэ пщхьэрыгъ», - щыжиІэм:

- Абы нэхърэ нэхъыфІыж унэм къызэрынащ, - зиГъэщІэгъуащ Хъуэжэ.

ПЩЫБИЙ Сулътіан.

● Гушыпэхэр

Пырхъыжу жейрт

Хъуэжэ дыгъуауэ ягъэкъуаншэу суд пащхьэм ирашащ. Арщхьэкіэ, дауэ хамыгъэзыхьами, зариГъэумысыртэкъым.

Зыкъомрэ зэдзуа нэужь, хеящІэм Хъуэжэ зыхуигъэзащ:

- Іэхум уэхІын уи гугъэми, узэдгъуаум укъицІыхужащ, - жиІэри.

- Зиусхьэн хеящІэ, дауэ сыкъыІэзрицІыхужынур ар пырхъыжу жеямэ? - жиІащ Хъуэжэ.

НэхъыфІыжи сиІэщ

Хъуэжэ пыІэ къуацэшхуэ щхьэрыгъуэу хьэщІапІэ кІуат. Бысымым ауан хэлъу: «Сыту пыІэ дагъуэ пщхьэрыгъ», - щыжиІэм:

- Абы нэхърэ нэхъыфІыж унэм къызэрынащ, - зиГъэщІэгъуащ Хъуэжэ.

ПЩЫБИЙ Сулътіан.

● Псалъэжьхъэр

Дыщэр дыщэпс хуэныкъуэкъым

♦ЩІы фІыцІэм щІэмыхьэжьи щыІэкъым.
♦Дыжэф пцІанэ хъуркъым.
♦Улажьэу ушхэжьи нэхъыфІ щыІэкъым.
♦Уи гъунэгъу умыуб, уи благъэщІи ущымытхъу.
♦Унэр зыгъэунэри благъэр зыгъэблагъэри цІыхубзырщ.
♦ЦІыхубз зыщІэмыс унэр сабафэщ.
♦Дыщэр дыщэпс хуэныкъуэкъым.
♦Шыпхъуи и гур дэлъхумкІэ гьэзащ.
♦ЩІхьэгъуэсэр насыпи зэхэгъэкІыпІэщ.
♦ЩІхьэж и ныбжьэгъу и гъуджэ-мажьэщ.
♦Я выр уэдрэ я хьэр пшэрмэ - унагъуэщ.

● Жыіэгъуэхэр

Псалъэ дыджым хущхъуи пэлъэщыркъым

●Псым иримыхьэжьауэ шхийм и мыхьэнэр куэдым ящІэркъым.
●Псышхуэ зэпрыкІыпІэм хуэсакъ, дела зэхуэсыпІэм зыпыІудэ.
●Пхъур зэресащи, нысэр зэребгъасэщ.
●Пшхын тельмэ, тхьэрыкъуэфри Іэнэщ.
●Пшхын бгъуэтмэ, блэжьыни бгъуэтынщ.

КІЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Хъуэхъу

Илъэсищэкіэ упсэуну Тхьэм жиІэ

Зеикъуэ щыщ Мэрщэнкъул Арсен Хьэсэн и къуэм и ныбжьыр илъэс 50 ирикъуащ жэпуэгъуэм и 23-м.

УФ-м и Лъэпкъ гвардием и управленэу КъБР-м щыІэм ведомствэм щІэмыт и хъуапІэ ІэнатІэм и унафэщІым и къуэдзэ, илъэс І9 хъуауэ къулыкъур ешыхьэкІ, полицэм и полковник ди щІалэм иІэщ псалъэ гуапэ щІыхукІыпІэн ехъулІэныгъэхэр. И лжьыгъэфІым къыпэкІуэу ар мызэ-мытІэу ягъэлъэпІащ къэрал дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ.

ГъащІэм зэрыщыхабзэщи, хахуэхэрщ, ем пэуву дэхуэхам зыщІэзыгъэкъуэфэ, лей зытехьэм къыщыкыф цІыху къэмылэнджжжхэрщ хабзэхъумэ ІэнатІэм къулыкъ щыщІэным тегушуэхэр. Апхуэдэ хьэлхэр хэлъщ Арсени.

А къулыкъум хьихьэну мурад щищІам ар зыдэплъеин иІэт - и адэр хабзэхъумэу лажьэри, и нэгу щІэт зэпытт гъэзаэгъуэ хэхуа цІыхум зыщІэгъэкъуэным, захуагъэм тетыным и щапхъэхэр. Иджы езым и пщэ къыдэхуащ апхуэдэ къалэн - ар гъэзгъэгъэльагъуи чэнджэщэгъуи хуохъу а лэжьыгъэ гугъум, ауэ пщІэ зыпылъым хьихьа и щІалэм.

Дызэрыгушхуэ, пщІэ зыхуэтщІ, зи махуэшхуэр зыдэдгъэльапІэ Мэрщэнкъул Арсен дохъуэхъу и унагъуэ дахэм узыншэу ящхьэщытыну. Мы псалъэхэри хущІыдогъу:

Уи пщІэр льагэу, уи къарур щызу,
Нэмысымрэ насыпымрэ зэІэпэгъурэ
Ахэр уи жьэгу жьантІэдэсу,
ФІыгъуэу уиІэр пхуэбагъуэрэ
УимыІэр хъыпхэхъуэу,
Мураду пщІыхэр къохъулІэу,
Уи нэхъыжьхэр пхуэузынышэрэ
ЩІэблэм уагъэгуфІэу, унасыпыфІэу
ИльэсищэкІэ упсэуну Тхьэм жиІэ!

Мэрщэнкъулхэ, ХьэфіыцІэхэ, Кумыщхэ я лъэпкъэм къабгъэдэкІыу.

Дыркъуэ

Іуэтэж

КЪУАЖЭМ пэмыжыжьэу щыт гъуей мэзыжьым сыкъыщІопльри сыщІэтщ, гъуэгум сызэпрыкІыу нартыху хьэсэм сыхьыхьэнущи, хъумакІуэр здэщыІэр нэкІэ къысхуэзмыгъуэту. Ар здэщыІэр сымыщІэу сэ нартыхум сыхьыхэ си хабзэкъым, къыкъуэкІыну узыщымыгъэхэхэмкІэ къыІэрыщыкъуэхур сощІэри.

Гъаблэщи, зауэм и мафІэм кьелар дыгъэм и мафІэм есьж, зы нартыху кІэчан щхьэкІэ Сыбыр щаху зэманщ. Арщхьэкіэ апхуэдэ щынагъуэм текІуэжи щыІэщ, ар ныбэ гъэзвэгъэрщ. Аращ сыкъеэзыхужьари.

Гъуей мэзыжьым сыкъыщІопльрэ аргуэру хьэсэмрэ гъуэгумрэ щыІэщыкІ нэкІэ, хъумакІуэр къысІэщІльагъуэркъым. Мы дыгъэ кхъуэгъуэм зыкІэ щым хъуаду дунейри, си щхьэмкІэ бадзэ щхьэпрыльэтыкІамэ, кхъухльэтэу къысщохьу. Апхуэдизу дунейр зыкъуза щымыгъэр ешыр зы бэлыхьлажьэ къэхъуну поплъэ жьпІэнщ. Шынэм сыкъигъаскІуэ, къыісфІыдэжеяуэ си къурмакъейр щысфІыщыубыдыкІым и деж, къарууэ сиІэр зыхьыІэолъхэри изокъухьж, сэ хуэсхьу ишхыным къыпэплъэ си анэри си нэгу къыщІоувэ.

Иджыри сыщытщ, дэнэкІэ сымыплъэми, хъумакІуэр къысІэщІэльагъуэркъым, сэ зэи сежьакъым абы, иджы сызэрежьам хуэдизэр. НтІэ, езыри гъуей мэзыжьым къыхэтІысхьаэ сэ къызэжьэу пІэрэ? Аргуэру сыщотыж зыкъомри сыхопщхьэ нартыхум, си гум шынагъуэ гъэрхэр кьепхъуэку къыІэщІэстхъыжурэ. Хьэлъакъуиплу сыздэпщым, зэзэмызи си щхьэр къыхэзгъэжурэ зызоплъыхь. Апхуэдэу къэспщыхьурэ къыдэсча тІэкІур си кьэлътмакъым ислхьэжу сыздэщыльым, шырыкъуушхуитІым я зэхуаким сыкъыщдохутэ, къыздикІари къыздихуари сымыщІэу. Зэуэ си гур къыходзэкъыкІри, си нэхэр щоункІыфІыкІ, апхуэдэм деж мышынэн щыІэ, си гум кьежэлІа шынагъуэм си гур пекъузыкІ, петхьэлыкІ. Къысщхьэщытри хьейркъым, сэри сыхъейркъым, тІуми зы псалъэ къыджьэдэкІыркъым. Схуэмышэчыжьыхэ щыхъум, си щхьэр къэзмыІэту ижьырабгъумкІэ соплъэкІ. Сеплъэрэ, ижьырабгъумкІэ щыт лъакъуэр иныжь лъакъуэ хуэдизэ мэхъу, сэмэгурабгъумкІэ соплъэкІыжри - аргуэрыжьщ. ИтІанэ къоІу хъумакІуэм и макъ гъумыр:

- Гъуэгу мыгъуэм ежьэн, цІыкІужьей! Укъыскщымышынэу ара хьэмэ сыпфІэщІыкІуу ара укъыщІэмыздэжыр?! Сэ къызэрагъэтэджи зэрагъэгъуэлъи сиІэщ, умылъэгъуамэ, уэзгъэлъагъунщ.

Сэри, къызэуэмэ, зытехэунур дэнэ дежу пІэрэ жьэІэри, щІым зыхьзодыгъуэ, зызэхэошэ. ИтІанэ, къеІэт и лъакъуэ ижьри, си пщэ гурыгъым къытоувэ, ириІуэнтІыхьыжу. Сыдэхуэнутэкъым амыхъу, сатыр зэхуакум иІэ щІы зэгуэчам сыдэпщхьэнут абдежым. Сеплъурэ а щІы зэгуэчам зы хъумпІэцІэдж цІыкІу допщхьэж, езым нэхърэ нэхъ ину нартыху хьэдзэ иІыгъныу. Сэ абы зыкІэ сехъуэпсати, гу зэрыльамытэм щхьэкІэ, ди тхьэм цІыху цІыкІуу сыкъыІэзрицІыхущІам сыхущІегъуэжат а дакъикъэм. Сытми, хъумакІуэм и лъакъуэр си пщэм къытрехыж симытхьэлапэуи, си щІыбагъымкІэ си Іитіыр щІэзэрепх, сыкъыщтэу сыкъыІэзрыхихынум хуэдэу. Сэри си къэлътмакъэр дзапэкІэ къызощтэ сыкъыщищтэм, сыІэщІэкІыну си гугъэш итІани. Къызоплъри, шынагъуэу и пащІэкІэ къысхущІогуфІыкІ, еплъыт абы и гугъэм, сэ сеплъынщ а кьэлътмакъыр дапхуэдизрэ дзапэкІэ къызымии жьхуиІэу.

Мэзыкум сызэрынихьэсу, къызэІунщІри шым сыкъридзыхащ. Уанэ къуэпэм фІэлъ кІапсэр къыфІихыну щыІэбэм, къарууэ сиІэр зыхэслъхьэри, кьэлътмакъыр дзапэкІэ зэрысыгъым хуэдэу сыкъыщІэпхъуащ. КъыскІэлъыжэну и щхьэ трилъха зъункъым, епхъуэку япэ къыпэщІэхуа бжэгу кІэмащхьэмыр кьызыиутыпщащ. ЗыкъыщысщІэжам, жьгеижьым сыкІэрытт, кІапсэкІэ сепхаэ, си блэгъуэкІэм лъыуэ кьижам си Іэпхъуамбэхэр зэкІэри гъэпщІэжауэ.

Гъуей мэзыжьыр кІыфІт, щымт, и пырхъ макъи хъумакІуэм и макъи къэІуртэкъым. Къарууэ сиІэр зэхэсльхьэри, зысІуантІэм-зысшантІэнуэ кІапсэр си жьэм къэзгъэсри, ар зэпыщсшхьыкІи щІэздзащ, си уІэгъэри къысфІэмыІуэхужу. Хуит сыкъыІэзрыхьу сыкъыщІэпхъуэри, кьаруурэ сиІэмкІэ сыкъажэу щІэздзащ. СщІэрт си анэр зэрыгуэвэнри сыкъызэрыгувам щхьэкІи, къуацэчыцэм сызэрызэхафыщІэри, сыльэпэрапэу си пщэ гурыгъыр зэриудынкІэ зэрыхъунури зыіуи кьысщыхьуртэкъым. Арщхьэкіэ псоми сыкъыкІэрыхуат. Гъуей мэзымрэ нартыху хадэмрэ сыкъыщІлыхьуа хъунт ди анэм и псэр щыхэкІым, и Іэр сэ сыкъызідикІыжын хуеймкІэ ишияуэ унэкум илът.

Абы лъандэрэ сыт щІа? Унагъуэ сыхъужащ, къэлэм сыІэпхъуэри, абы лъабжьи щысщІыжащ, ауэ къуажэми сыкъокІуэж мазэ къэс жьхуаІэм хуэдэу, укъыщалъхуам псэр къыхуоІэ сытым щысІуи. Зымахуи сыкъэкІуэжат къуажэм, сщІэртэкъым сигу къыщІихьар си сабиигъуэр щызгъэкІуа Тэрчыкъ и Іуфэ тІэкІу зыщысплъыхьыны. Псы Іуфэм екІуэкІ гъуэгум сыкъыІетеуваУ сыкъекІуэкІыурэ ди зыгъэпскІыпІэжьу щытам сыщынэблагъэм, си япэкІэ зы хъэмкІэшыгу къакІуэу къыщысолъэгъащ, пхъэ ГъУр тІэкІу илъым зы лйжь цІыкІу тесыжу. ДызэхуэкІуэурэ нэхъ ГъунэгъУ дыщыІэзхуэхум, гуи исыр Хьэжмедалжьыбрауэ къыщІокІ, къаргъеипэ хъужарэ уашхьым хуэдэу и нэхэр набдзэ кІыркъм къыщІэплъу. Арыхxэу гур тІууэ зэфІощІыкІри, хьэмкІэшыгур йощэтэж. Абдежыр Тэрчыжьым Іэджэ щІауэ щІилъасыкІ хъунти, псыр къыдоуейри шыри гури ирехьэжьэ, исри зэрису. Псым ирихьэхьм сыкъилъэгъуауи сымыщІэнкъэ! Тхьэм щхьэкІэ сыкъеГъэлІ!

Сэри машинэм сыкъикІауэ сыщІытщ, Хьэжмедалыжьым сыдэІэпыкъунуми сыдэмыІэпыкъунуми схутемыхуэу. Ар аргуэру зэкІэлъыгъэпІащІэу къыщылъэІуэм, гуГу сыдехьми, псым къыхьІозлъэфыжри, псы Іуфэм къытызогъэтІысхьэж. ЕтІуанэу сыхолъэри, псы тепхъэм тридзэжа и хьэмкІэшыгу зэщІэщІар къыхьзошІыж, сехьІурэ нэхъ егъэзырабгъу къызогъэтри. Ари къыхуозошІэкІри, си щыгъын псыфхэр зыщыщІэх сокъузыжыну. Си щІыбагъыр хуэгъэзауэ сыздэщытым, къызбГъэдохьэри си блэгъуэкІэм и Іэ пхъашэмкІэ къытоІэбэ:

- Ало-о-уэхь! Сыту дыркъуэшхуэ телъ, щІалэ, мы уи блэгъуэкІэм. Мыпхуэдизу къоуар хэт? Уикъпэрти. Сэри сыкъэсыжатэкъэ абы щыгъуэ, хэт сыкъригъэлынт нобэ псым. Тхьэм сыкъыужгъуэжуэ къыщІэкІынтэкъым... Уэлэхъэ, щІалэ, узыщыщми сыщІэмыупщІа, къысхуэгъэгъу...

Сэ абдежым зысхуэмыбыдыжу илъэс куэдкІэ къесхьэкІа гужьгъэжьыр къысфІыдрихьэящ:

- Умыгузавэ, иджыпсту сэри зыкъозгъэщІынущи, уэри зыкъозгъэщІыжьынщ. Уэ ЕлъэхъуэхэурэйщІ, уи цІэр Хьэжмедалщ, нэхъ тэмэму жьпІэмэ, Хьэжмедалыжьщ. Хьэсэпхъумэу уи ГъащІэр епхьэжІащ, сабий къыпэщІэхуэми балигъ къыппэщІэхуэми бэлыхь хэбдзэу. Сэ Къатинэхэ сарейщ, си цІэр Исмелщ, зауэм хэкІуэда Мурадин мыгъуэм сриКъуэщ. Уэращ мы дыркъуэр кьыстезыдзари, шыкІ щхьэкІэ дылІэрти, нартыху дыгъуэ сынэкІуаУэ. Ари уфІэмащІэу, кІыгъэм сеппхи, жэщым сыкъыкІэрыбнауэ щытащ, хьэІуцІдзым себгъэшхыну. ПщІэжрэ ар, Хьэжмедал?

КьымыщІэжьыпІэр иІэт. Си псалъэхэр и кІэм нэмыгъэзыщІ щІыкІэ и фэр шэхум хуэдэу пыкІри, пльэгуажьэмыщхьэу си пащхьэм къиуващ:

- Ди Тхьэр узогъэлъэІу, сэри сынолъэІу къысхуэбГъэгъуну. А зэманым нэхъ Іей щыІакъым, дэри жаІэр дымыгъэзэщІэну дыхуиттэкъым, лІот дыбгъэщІэнэр, дыщхьэхуиумытт...

- Мурадин и щІалэ цІыкІу зи анэр шхын щхьэкІэ лІэуэ хэлъыр жьгым епхи мэзым къыщІэнэ жаІэу унафэ къыпхуащІат?

- Иджыри зэ сынолъэІу: ди Тхьэ лъапІэу лъагэу ди щхьэщыгу итым щхьэкІэ, къысхуэгъэгъу.

Сэ лЫжьыр сфІэгуэныхь хъужащ икІи ерагъуу къыдэсшеящ:

- Ди Тхьэ лъапІэм къыпхуигъэгъумэ, пхузогъагъу...

Ар зэрызэхиыну Хьэжмедал и къыщылъэти гум и дэлъеи зы ищІри, къызэмыплъэкІыу щІэпхуэжащ. Сыт щхьэкІэ къызэптъэкІынт?!

Абы иужькІэ илъэс хуэдэ дэкІри, къуажэм сыкъэкІуэжауэ Хьэжмедал срохьэлІэ. Си гугъащ гу къызэрысльэтэу зыкъыссщигъэпщкІыну. АрщхьэкІэ и нэгум зы мэскъалкІи зихуэжакъым. Ар зГъэщІагъуэу сеплъыІуа нэужьщ Хьэжмедал хьэфиз баш зэриІыгъ гу щылъыстар. Сэ хуэзгъэгъуа щхьэкІэ, Тхьэ лъапІэу лъагэм къыхуиГъэгъуа къыщІэкІынтэкъым.

ІЭЩЫЖ Борис.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **2**. Бжьэхэм я фо зэхуэхьэсыпІэ. **3**. Къэралым и ищхьэрэ щІынальэхэм Іэжьым щыщІащІэ псэущхьэ. **6**. Гъавэ къэкІыгъэ. **8**. Уафэм кьеХ мыл тыкъыр цІыкІу. **9**. Хадэ ихьэпІэр зэпрыууэ зэрагъэбыдэж бжэгъу. **10**. ЕгъэджакІуэм кьигъэсэбэп сэху тыкъыр цІыкІу. **12**. Пщы зэрыхьэ ... мэхъу. **13**. Ди республикэм щыщ хьэрычэтыщІэ, Къэрал Думэм и депутат. **16**. Цы закъуэ. **17**. Гуэдз Іэпплъ зэкІуэцІыха. **19**. Адакъэщ Іэрэ ... пІастэрэ. **20**. Псэльэгуей. **21**. Ви бзэгур къэзыс ерыскъы гуэр. **22**. Мазэ улахуэ, лжьэапщІэ, ... **24**. МахуэщІэ. **26**. Іэщ къуейщІей цІыкІу. **27**. Къуажэм зэреджэ нэгъуэщІыщІэ. **28**. Къупщхьэмрэ лымрэ зэпызыщІэ, зэрыпІпІэхэр зэрызыгъэІыгъ. **32**. Гъущ быдэ лІэужьыгъуэ. **33**. ЩІы къиуда. **34**. Шы «вакъэ». **37**. Дзэлыкъуэ районым щыщ къуажэ. **38**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ ... дзэщ. **39**. Къуэш ... нэхърэ - ныбжьэгъуфІ. **40**. Жыг закъуэ ... хъурхъым. **41**. Атэлыкъым ирагъэпІ щІалэ цІыкІу.

Къехьу: **1**. Зи щхьэр ин цІыху. **2**. Лы щагъавэкІэ е псыр щагъэпщтыркІэ къыщхьэщех. **4**. Дин Іэхуэкіэ Сауд Хьэрыл къэралыгъуэм кІэуэу къэзыгъэзэжа цІыху. **5**. Пхъэм къыхэщІыкІа кумбыгъэ, Іэщыр ишхыкІыу. **7**. МышхумпІэ къызыпыкІэ жыг. **11**. КъэгъэшыгъуафІэ. **13**. Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм къыщалъхуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз усакІуэ (и цІэр). **14**. Мыіэрысэ ... дахэ бэзэрым щащэ. **15**. Псым ихьар абы йотхъуэ. **18**. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиІэ и артист, министр. **23**. ЩоджэнцІыкІу Алий щыГъуу Хэку зауэшхуэм хэкІуэда уэрэдус, уэрэджыІакІуэ, пшынауэ. **24**. ЩэкІуэгъуэрэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъу къэбэрдей композитор цІэрыІуэ. **25**. Мынэхъыжь, мынэхъыщІэ. **26**. Пхъашэу зэІуда щэкІ Іув. **29**. Бжэ хэлъхьэпІэм и къэухъ. **30**. КъурІэн цІыкІу. **31**. Бдзэжьей лІэужьыгъуэ. **35**. ... и жапІэр езым кьеГъуэтыж. **36**. Тенджыз фІыцІэм кІаХэ пхъэнкъыпэр зэрреджэ цІэр.

Зэхэзыпльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Жэпуэгъуэм и 17-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **3**. Гъуагъуэ. **6**. Іуэужь. **8**. Хьэкъурт. **9**. Гулъэф. **10**. Бжей. **11**. Шыгъу. **12**. Шэдыгъуэ. **15**. БдзапцІэ. **20**. Бжьхь. **21**. Собз. **24**. Хон. **25**. Гурыхуэ. **26**. Жыг. **29**. Къурыкъу. **30**. Бжэн. **33**. Псыкуэд. **34**. Хъудырым. **35**. Хъущт. **37**. Сыхъэ. **39**. Тхъупс. **42**. Бэгъгъэ. **43**. Мыщэ. **44**. КІымыхьу.

Къехьу: **1**. Бгъуэз. **4**. Джэрш. **5**. Гурыгъу. **7**. Жьей. **13**. Ду. **14**. Гъубжэ. **16**. Дзыбэ. **17**. Пхъу. **18**. Тхъэрыкъуэ. **19**. Псыхуабэ. **22**. Боз. **23**. Къуу. **27**. Аркъэ. **28**. Нэгъуд. **31**. Вы. **32**. Гур. **35**. Хъурзэ. **36**. Тыгъэ. **37**. Сом. **38**. Хьыщт. **40**. Хъурмэ. **41**. Сэхъу.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Зауэбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Аслъан** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, НэщІэпыдкэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщі Иэ**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-22-36; хабзэхъумэ Іуэхуэщ1апІэхэм ядолжжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; здэсэкІаКІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ щІэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитынымгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, БсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ гъэдэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.990 ● Заказ №2236